


# KUKWANISWA

 Maita henyu, Hama Neville. Mangwanani akanaka, shamwari. Ndinofara kuva muno mangwanani ano, uye ndinogona kupa chirevo chimwe chete pane hama yedu. Ndakange ndavavimbisa kuti ndaizova panhepfenyuro, zvino nda—ndakaipotsa rimwe vhiki, uye muvhiki raitevera ndakazvikanganwa. Saka ndakafunga kuti nguva yechitatu ndiyo yaifanira ku—kuva nguva yacho chaiyo, yandinofanira kuzviita.

<sup>2</sup> Saka ndakange ndiripo, mukati meminiti imwe yenguva, ingori miniti imwe chete. Zvino Hama Snyder vaive panze, saka takaverevedza tichipinda nekukurumidza chaiko, uye—uye pamagumo acho ndokuzopinda munhepfenyuro. Zvino ndinofunga kuti takavatsamwisa, ndizvo zvatakaita, patakupinda saizvozvo, zvishoma chete. Saka . . .

<sup>3</sup> Uye hezvinoi ini ipapo, ndichidzika, ndakafunga pamusoro pechidzidzo chekuperidza pamusoro pachu, munoziva. Zvino kazhinji changu, chinotora inenge awa nehafu. Uye ndakaita maminiti angaita gumi namashanu, gumi namasere ndatanga chidzidzo, zvino ipapo ndokuzotarisa kumusoro, zvino chiringazuva chikati yave nguva yekuti ndichibva. Saka tichazopfuurira mberi Mugovera unotevera, kana imwe nguva. Ndizvozvo.

<sup>4</sup> Svondo yapfuura, taiva pachitsauko 10 chaVaHebheru, tikatangira pandima 1, zvino hatina mberi kwatakaenda.

<sup>5</sup> Musakanganwe shumiro dziri kuIndianapolis vhiki rino. Kana paine mumwe wenyu, kana vane shamwari dziri neche kumusoro ikoko, nhai, vanyorerei muvauzve. Misangano inotanga mangwana manheru naseven o'clock, paCadle Tabernacle muIndianapolis. Uye mune nzvimbo yekugarira yakawanda, munogona ku—kugara potse zviiro gumi nerimwe zvakawanhu. Zvino ikonivhenisheni duku, ka—kasangano kadiki. Chokwadi handitoziviwo kuti zita resangano rinonzii. Vari kuva ne—nemusangano ikoko, kana konivhenisheni.

<sup>6</sup> Zvino mukonivhenisheni iyi vakandikumbira kuti ndigova mutauri wemanheru. Saka . . . Ndinofunga kuti yanano yacho pachayo, chechi, sangano, rinongova bedzi nenhengo shoma-shoma, kwazvo. Uye saka . . . Uyezve, panguva yamanheru, ndi—ndinenge ndichiparidza manheru oga-oga, Muvhuro kusvika Chishanu. Manheru eChishanu ndipo panoperera konivhenisheni. Saka, kana muine shamwari dzinogara munharaunda yeIndianapolis, nhai, ngadziuyeko.

<sup>7</sup> Zvino nemusi wemakumi maviri namatatu, mangwanani emusi wemakumi maviri namatatu, kana zvikaitika kuti pane

mumwe munhu ari parwendo achipfuura nekuno, ungori pazororo rako; sezvauri mwedzi wezororo, kazhinji, Chikumi. Minneapolis, veChristian Business Men Internationally vari kuzova nekonivhenisheni yavo kuMinneapolis. Zvino shumiro yekuzarura iriko musi wemakumi maviri nematatu, kudya kwamangwanani. Kudya kwamangwanani kuriko musi wemakumi maviri nematatu waChikumi. Ndiri kuzotaura pakudya kwamangwanani, ndichivhura shumiro.

<sup>8</sup> Zvino, musi wemakumi maviri nemana, ndichange ndiri muMinneapolis, uye ndichange ndiri paHeart's Harbor Tabernacle, naMufundisi Gordon Peterson. Uye vane hurongwa hwacho huri paterevizheni ikoko. Saka kana muri—muri munharaunda, handiti, huyai.

<sup>9</sup> Uyezve musi wamakumi maviri nemana, kana makumi mavin nemashanu, waro, ndipo panotangira konivhenisheni, uye tinenge tiriko. Hurongwa husiri hwamazuva ese. VaRoberts, VaHicks, ini, vamwe vashumiri vakawanda, vanenge variko. Zvino hakuna hurongwa hwakaiswa. VeChristian Business Men, vari veFull Gospel Christian Business Men, vaida kungohusiya hwakavhurika, kune izvo chero zvataurwa neMweya Mutsvene kuti vaite; kuva nesu tose ikoko. Uye saka havana kubvira vakaita mumwe wakadaro, uye havana kushambadza chero vatauri. Kutaura—kutaura kwegwa kwakashambadzirwa ndekwe—ndekwemangwanani emusi wamakumi maviri nematatu. Ndiri kufanira kutaura pakudya kwavo kwamangwanani, uye zvakaziviswa. Kana zvisina kudaro, tichange tose tingoriko, takamirira pane Mweya Mutsvene. Izvozvo zvinofanira kuve zvakanaka kwazvo, handizvo here? Kana tikangozviisa pasi peMweya Mutsvene, ndizvozvo, uye toMutendera kuti atishandise nenzira iyo yaAnga—yaAngada kutishandisa. Zvino . . .

<sup>10</sup> Uye zvakare shumiro yakaiswa pahurongwa inotevera, yandinoziva nezvayo, ndeye Musangano weAzusa Street wakare. Ndiwo . . . Unouya muna Gunyana musi wegumi neshanu. Ndinovhura shumiro ikoko yemusangano wepasi rose weAzusa Street; makore makumi mashanu epentekosti muUnited States. Vane makore makumi mashanu, muna Gunyana uno ari kuuya, apo Mweya Mutsvene wakadonha kekutanga kuAzusa Street Mission. Wakare . . . Ndinotenda kuti yaiva misheni yeBaptisti yakare, kana kuti kuAzusa Street muLos Angeles, California, ndiko uko Mweya Mutsvene wakatanga kudonha, makore makumi mashanu apfuura, Gunyana uno ari kuuya.

<sup>11</sup> Zvino pandakanga ndiri paCow Palace, makore mashoma apfuura, ndakati . . . Zvino, makumi mashanu, izwi rekuti *pentekosti* rinoreva “makumi mashanu,” saka ko tikangoita zvedu musangano mukuru. Uye, munoziva, izvozvo zvakabatira moto, zvino vane musangano wepasi rose. Uye uchaitirwa muAngeles Temple. Zvino mazuva mashanu izvi zvisati zvaitika,

ndichaita karwendo kadiki munzvimbo dzakasiyana-siyana. Oo, zasi kuEast Gate uye...kana kuti ndinoreva kuSouth Gate, nekumusoro mu—muguta re...Oo, maguta madiki iwawo akawanda, maguta mashanu akasiyana, ndichiita karwendo kadiki, shumiro yehusiku humwe, zvino ndozonopinda mu—mumusangano mukuru.

<sup>12</sup> Uye kana uri munharaunda yemuCalifornia, kana kunze uko, vamwe venyu vemuCalifornia, mozvirangarira izvozvo. Tiri kutarisira nguva huru yakanaka yekuwadzana nevanhu vaMwari panguva iyoyo.

Zvino ngatinamatei.

<sup>13</sup> Baba vedu veKudenga, tinoKutendai, mangwanani ano, nemukana mukuru, wakabwinyiswa watiinawo wekuuya muHupo hweNyuu, nemoyo ine mufaro pamwe nekutenda, nekuti Jesu Mwanakomana vaMwari atitendera kuita izvi. Uye nyasha dzaKe dzatiunza panguva ino. Uye tinofara kuva pano nhasi.

<sup>14</sup> Ndinofara kuva nenzvimbo diki ino yekuungana. Inzvimbo yakavhurika, Bhaibheri rakavhurika, uye moyo yakavhurika kugamuchira Shoko raMwari neMharidzo yaVo. Uye tinonamata kuti Mweya Mutsvene ugouya uchizadza gwanza rose remoyo yedu nekunaka kwaVo, patichaverenga Shoko raVo. Nekuti zvakanorwa, “Munhu haangararame nechingwa choga, asi neShoko rimwe nerimwe rinobuda mumuromo vaMwari.” Saka, Oo Mwari, vhurai muromo wedu nhasi, kuti agova Imi munotaura, uye nemoyo yedu, kuti ugova Mweya Mutsvene anonzwa. Nekuti tinozvikumbara muZita raJesu, Mwanakomana weNyuu. Amenii.

<sup>15</sup> Svondo yapfuura, muBhuku raVaHebheru, takatanga nechitsauko 10, zvino ipapo takabva taenda pane chimwe chidzidzo, tisingazivi kuti ndekupi chaiko uko Mweya Mutsvene waizotitungamirira kweku—kudzidzisa tichibva, pasina zvakanofungwa, asi kungomirira kufamba kwaWo. Takadzokera pakufanoziva, kubva ipapo.

<sup>16</sup> Nhahi, zviya, ndinofara kuona Hanzvadzi Hooper vakagara apo, mangwanani ano. Hanzvadzi Flo, chokwadi ndinofara kukuonai. Vazhinji venyu mungasavaziva, vamwe venyu. Zvino vaive murwere weT.B. kwamakore namakore, vakangorara panhowo, uye vachienda kwese-kwese munyika, kuti vaedze kuwana rudzikinuro. Zvino, nhasi, tinofara kuva navo vakagara mutabhanakeri, vachiratidzika zvakanaka, nhasi. Tinotenda Mwari!

<sup>17</sup> Zvino, munyori weTsamba yaVaHebheru anofanirwa kuva ari Pauro, nekuti zvinoita sezvinyorwa zvake. Uye Tsamba yaVaHebheru yaiva yekumaJudha, VaHebheru. Zvino aiva Pauro aiedza kupatsanura murairo kubva kunyasha, achiratidza mu—musiyano pakati pezvaiva murairo, nezviri nyasha, nekuti VaHebheru vaiva pasi pemurairo. Uyezve Pauro aiedza

kuvaratidza zvaiva nyasha. Uye ndinofunga, pachangu, kuti chitsauko 10 pano, uye ndima 1, inova kiyi yakakwana kuchinhu chose.

<sup>18</sup> Zvino tine chitsauko 1, chichitanga. “Mwari, munguva dzakawanda, nenzira dzakasiyana siyana vakataura kumadzibaba kuburikidza navaporofita, asi muzuva rino rekupedzisira vakataura kuburikidza neMwanakomana waVo, Kristu Jesu.”

<sup>19</sup> Touya kuchitsauko 7, kuuya “kwaMerikizedheki.”

<sup>20</sup> Tinodzika zasi kuchitsauko 9, che “huprisita,” kuti Kristu anova Muprisita Mukuru wedu, achitora nzvimbo yemuprisita mukuru wakare.

<sup>21</sup> Zvino tozviunza pachitsauko 10, topinda, “Murairo uri mumvuri wezvinhu zvichauya.”

<sup>22</sup> Topinda muchitsauko 11, zvino ndezvepamusoro pe—pemimvuri yakanaka yekutenda, mhare dzekutenda, kuti “nekutenda” vakaita chinhu *chakati-chikati*. Uye kuti, “Pasina isu havaigona kuzokwaniswa,” nekuti ndeve mumvuri weizvi zvichauya. Uye zvadaro tinoenda muchitsauko 11, zvino Pauro...

<sup>23</sup> Kana kuti, chitsauko 12, Pauro achitaura, “Tichiona kuti takakomberedzwa negore guru rezvapupu, ngatibvisei zvose zvinorema, nechivi chinotivhiringidza zviri nyore, kuti timhanye nekutsungirira mujawo wakaiswa pamberi pedu.”

<sup>24</sup> Chitsauko 13, chitsauko chekupedzisira, chakati, chinoperera pane izvi, neche kwekupedzisira, kuti Jesu Kristu ndiye zvose muna zvose, kuti, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Maona? Kuratidza kuti akange ari Kristu kumashure murairo usati wavapo, akange ari Kristu mumurairo, akange ari Kristu mumazuva enyasha, uye achave Kristu nekusingaperi. “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Mufananidzo wanaka sei wataratidzwa neTsamba yeVaHebheru.

<sup>25</sup> Zvino, tichitanga zvakare zvino nendima 1, ngatidzokerei. Svondo yapfuura, takafunga kuti tichapinda muchidzidzo che*Kukwaniswa*, asi vakadaro Mwari vakatiendeswa kumashure tikanatora *kufanoziva*, kutiratidza apo kuti nyika isati yatombombwa... Vangani vaive pano Svondo yapfuura? Ngationei ruoko rwako. Makazvibata here? Nyika isati yavapo, takange takaiswa muna Kristu. Pafungei ipapo.

<sup>26</sup> Mwari, vari vasina magumo, Vasingagone kunyepa, havagone kutaura chimwe chinhu chinopesana, vanoziva zvinhu zvose, vakangokwana kumavambo sezvaVari kumagumo, uye vakangokwana kumagumo sezvaVaiva kumavambo. Mwari havana magumo, seZiyendanakuenda. Haukwani kuona kona yedenderedzwa rakakwana. Unogona kumhanya nekumhanya

mumazera ose, nemuna Ziyendanakuenda, zvino hakumbofa kana, kana, kana kwakava nemagumo kwariri. Uye ndiyo nzira iri Mwari. Uye ipapo Vari vekutanga, vaiva...Mwari, vakagara varipo, Vaiva vasina magumo, vakakwana, pakutanga kwacho, uye Vachagara vari zvimwe chete. Havagoni zvachose kushanduka. Vari mumwe chete zvakakwana.

<sup>27</sup> Zvino ngetani huru yekukwaniswa yakagurwa nemukaha wenguva. Nguva yakauya, nekuda kwechivi. Ngatigadzirei mufananidzo wenguva. Ngationei denderedzwa rakakwana, narinhi, narinhi. Uye zvararo, pakarepo, chivi chakapinda, chikaisa ka—kadiki...Semadanirwe azvinoitwa nemudzimai wangu, “kagwanza,” kana kakuderera kadiki kari pakuderera. Saka, kanozodzika zvino. Ziyendanakuenda rinoramba richipfuurira mberi, asi harisi muchinhanho charo chakakwana. Heuno mukaha mudiki unodzika pasi, wopamuka nenzira *iyi*, wobuda nenzira *iyi*. Mwari vaifanira kuita saizvozvo nekuti Satani akazvikonzeresa. Zvino wakadzika pasi kumukaha wenguva, kuitira kuyedzwa, nekukwaniswa, uye nekucheneswa kwevakarasika. Kuti, Mwari nenyasha dzaVo dzekuzvitongera, kuti nerimwe zuva vangazosimudza kagwanza ikako, kana mukaha, uchidzokera kudenderedzwa rakakwana, zvino rinozoderera zvimwe chetezvo. Muri kuzviona here?

<sup>28</sup> Nguva! Zvino, nguva ndekanzhu aka kakakombamira; kanokombamira pasi. Jesu aibva muna Ziyendanakuenda kusvika muna Ziyendanakuenda, asi Akapinda mumukaha wenguva uye akaitwa nyama, akauya nepano kuitira kuchenesa, kana kuisa muhwezva hweRopa munzvimbo ino yose, kuidzikinura uye nekuibatidza zvakare naMwari, kwemuna Ziyendanakuenda rose. Muri kuzviona? Ndizvo zvose zviri nguva.

<sup>29</sup> Saka, Mwari, pakakatanga pano, panogumira kagwanza kadiki aka mudenderedzwa rakakwana, zvakariita kuti rive nekagwanza kadiki mariri. Mwari pavakatanga ipapo, Vakange vakakwana. Zvese zvaVaitaura zvaive zvakakwana. Zvese zvaVaiita, zvanaita, zvakakwana.

<sup>30</sup> Saka, zvakare, Bhaibheri rakataura, kuti, “Kristu Jesu aiva Gwayana rakaurayiwa kubva,” pakatangira kagwanza aka, “mavambo enyika.” Kristu akauriwa pamavambo. Zvino, haAna kuuraiwa chaiko kusvikira makore zviuru zvina zvakazotevera. Asi, chikonzero chaAkauriwa kumashure, nekuti, “Pakutanga kwanga kuine Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari.” Mazviona here, Hama Egan, zvandiri kureva? Maona? Akanga ari Mwari, pakutanga. Saka zvino... .

<sup>31</sup> Zvino, Satani aigona...haana—haana kusika kamukaha aka, kagwanza aka. Haana kukasika. Satani haagoni kusika. Satani anogona kutsveyamisa chete zvakasikwa naMwari.

<sup>32</sup> Tarisai, ndinotaura izvi kuitira kuti munzwise. Ino ikirasi yevakuru, uye tiri kunyanya tose vanhu vakaroorana, pamwe zvikamu makumi mapfumbamwe kubva muzana. Uye ndinotarira kuti madzimai nevarume vechidiki vanonzwisisa izwi ravo, izvo ini . . .Mundinzwisisewo, kuti ndingotsanangura chimwe chinhu.

<sup>33</sup> Kana murume akazvitorera mudzimai, mukadzi, zvino ova mudzimai wake, uye vogara pamwe chete semurume nemudzimai kwemakore makumi mashanu; vakangochena nekururama uye vasina kusvibiswa sekunge vasina kubvira vakazivana. Iyoyo, ndiyo nzira yaMwari. Asi kuti murume iyeye kana mudzimai akaenda kunorama neumwe murume kana mudzimai, izvozvo zvinotsveyamisa, zvinoita kuti vana veupombwe vaberekwe. Asi vakagara vese mukuwirirana kwakakwana, ndiyo nzira yaMwari. Asi Satani anouya oisa ruchiva mumurume kana mudzimai, zvino vorarama zvinopesana nemhiko idzodzo dzemuchato, zvino ikoko kutsveyamisa. Ndiyo nzira imwe chete yekusangana kwemurume nemudzimai, asi iri yakatsveyamiswa.

<sup>34</sup> Saka ndizvo zvinoita Satani nechinhu chakanaka chaMwari, anochitsveyamisa. Ndzivo zviri kuitwa naSatani nhasi neyechokwadi, chaiyo (Tererai!), kuMharidzo yechokwadi yaMwari: anoItsveyamisa, achigadzira chimwewo chinhu, achiIita kuti itaridzike kuva chimwe chinhu chaIsiri.

<sup>35</sup> Munyika nhasi, tinoona kuti kune vanhu, Bhaibheri rakafanzviture, mapoka matatu evanhu.

<sup>36</sup> Rimwe racho ndiro rinotonhora, rakaomarara, retsika, vasina hanyn'a, vanongopfuurira mberi, hazvina kusiyana nekuva nhengo yekirabhu. Vanoenda kuchechi, votaura zvishoma pamusoro peizvi, izvo, nezvaShe, nezvakadaro, vodzoka, asi vasina chiitiko chaicho chekuberekwa patsva. Oo, vamwe vavo vanozviture, asi hupenyu hwavo hunoratidza kuti handizvo. Zvino, nderimwe diviwo, riri kure.

<sup>37</sup> Uye zvino, zasi kuno kune rimwe divi, vapengereki, uye chechi chaiyo, yechokwadi, Jesu akataura kudaro, "Inenge iri pedyo nepedyo, zvekuti zvinonyengera vasanangurwa chaivo."

<sup>38</sup> Zvino, vanhu vakawanda, pavanongoona kupengereka kwakasanganiswa nechinhu chechokwadi, "Ah," vanodaro, "hapana zviripo paZviri," voenda havo. Maona, ndizvo zvimwe chete zvakaitwa nevaFarisei. Satani, haaita zvekutamba pakuedza kuzvitsveyamisa. Ari kuedza kutsveyamisa Chokwadi ichi. Uye mupengereki uyu ari kuedza kutevedzera Chokwadi ichocho. Maona? Ndipo panowanikwa mutsara wenyu wenjodzi uri, ipapo chaipo.

<sup>39</sup> Zvino, zvinotofanirwa kwatiri kuti tigare tiri mumweya, kuverenga Shoko. Zvino chero chinhu chinosisimuka, kunze,

chichipesana neShoko, zvadaro chikandire kurutivi. Ndicho chikonzero, nguva zhinji, iyo ini . . .

<sup>40</sup> Vanoti ndinonyanyisa kuomesera vakadzi vanoparidza. Bhaibheri rinoti vasataure muchechi. Bhaibheri rinovarambidza kutaura nendimi, kana chimwe chinhu, muchechi. Ndinotofanira kugara neShoko, ndotarisa paRiri, ndoRitarisa.

<sup>41</sup> Munyika nhasi, uko kune zvitevedzwa zvose zvinosimuka, tarisai, kuzvinamato zvose zvakatsauka vasingadye nyama. Uye avo vanoita zvemitemo-mitemo, kuti, “Ndinofanira kuita *ichi-ne-ichi*. Kana ndikasataura nendimi, kana ndikasaita *izvi*, kana ndikasadanidzira, kana ndikasatamba, pane chinhu chakatsveyama neni.” Ndizvo zvemitemo-mitemo.

<sup>42</sup> “Tinoponeswa nenyasha, kuburikidza nekutenda.” Hazvinei nezvawaita; ndeizvo zvaAkaita. Akaita zvawaisagona kuita. Kana dai wakagona kuzviponesa, saka iVo havaizofanira kufa. Asi Akafa, kuitira kukuponesa, apo pawaisagona kuzviponesa.

<sup>43</sup> Chirevo chiya chakare chisingakudzi Mwari, chinoti, “Mwari vanobatsira vasingagone kuzvibatsira . . .” Kana kuti, “Mwari vanobatsira avo vanozvibatsira,” vanodaro. Zvitongori zvacho zvinopesana. Kana uchigona kuzvibatsira, Mwari vanokutarisira kuzviita. Mwari vanobatsira avo vasingagone kuzvibatsira. Uye haukwanisi kuzvibatsira, kuti uponeswe, saka Mwari, nenyasha dzaVo, vakakuponesa.

<sup>44</sup> Zvino, cherechedzai manakiro azvo. Murairo, hukuru muna Ziyendanakuenda, kuti Mwari vakafanoona mukaha uhwu. Kana Vasina magumo, uye vasingagone—vasingagone kuva chimwe chinhuve. Regai nditore izvi, kwemaminiti anenge mashanu, kunyatsozvidzikisa, zvakasimba, kuzvirovera, kuitira kuti zvisambotsvedza kubva mupfungwa dzenyu zvakare. Dai Mweya Mutsvene zvino auya anyatsozvinamatidza pamwe chete nerudo, kuitira kuti musazozvisiya.

<sup>45</sup> Zvino tarisai. Mwari, Vasingagone kunyepa; Mwari, Vasina magumo. Zvino ndinozvitaura izvi zvakare kuvanhu vanoita sevasingagoni kuzvinangisa pachavo pakupodza kwaMwari. Kana Mwari vakazvivimbisa, Mwari vanotofanirwa kuchengetedza vimbiso yaVo. Havagoni kuisiya.

<sup>46</sup> Zvino tarisai. Vasati vaisa Shoko rakadhindwa, uye, *Iyi* ndiyo pfungwa yaMwari. Heinoi Iyi. Iyi ndiyo pfungwa yaMwari, yaVakafunga, nheyo yenyika isati yatomboiswa. Ndiyoyo. Ndicho chikonzero Vakakwanisa kuIisa paShoko rakadhindwa, votaura zvazvichazova, nekuti VakaZviona nheyo yenyika isati yaiswa, uye nekuziva zvaZvichazova, ndokuZvitaura.

<sup>47</sup> Uye zvadaro Vakapa zivo yaVo kuvaporofita, uye vakaZvinyora. Zvino gore negore, uye zana remakore nezana remakore, tinoZviona zvichiitika chaizvoizvo. Mwari, vachipa mimvuri weYakare, kufanoratidza Itsva yacho. Uye

tinoZviona, Shoko neShoko, richizadziswa. Kutenda kwakadii kwatinofanira kuva nako kwakamira muna Mwari!

<sup>48</sup> Zvino Mutarisei, “Kristu achiuraiwa nheyo yenyika isati yaiswa.”

<sup>49</sup> Apo Mwari pavakatarisa pasi vakaona chinhu chimwe chete chaizoponesa munhu akarasika, Vakati. . . Handisi kuziva kana aya ari mashoko acho, asi aifanira kuva sekudai. “Munhu haagoni kuponeswa, nekuti achazotadza. Asi Ndinotarisa zasi kudarika neimomo Ndoona makumi ezviuru zvemoyo yakatendeka vachada kuuya. Ndinoona zviuru zvevanhu vachazoda kuponeswa, uye vasingadi kuenda mukuparadzwa kunotyisa uku kwaNdichazogadzirira dhnyabhore nengirozi dzake, nekuti vanofanira kupinda mukurangwa kusingaperi. Zvino vanhu vane moyo yakatendeka vachazviona izvozvo. Zvino Ndicha—Ndichava nemurume anonzi Isau achaberekwa; pachava nemumwe, Jakobho. Zvino Jakobho achange asina kunaka kwazvo, kutanga kwacho, asi mumoyo make achada zvinhu zvaMwari, saka Ndinotarisa Jakobho.”

<sup>50</sup> Vakakuona iwe uye Vakaziva kuti waida kuponeswa. Saka Vakati, “Chinhu choga chaNdingaita kudzika pasi, pachaNgu, uye ndova neMwanakomana anoberekwa, kana kuti mutumbi wenyama, zvino oitwa savo.” Mushonga wacho ndewekuti Mwari pachaVo vagova chivi, kuitira kuti Vabhadhare mutengo wacho. Nekuti, zvinototora chinhu chepamusoro-soro chiripo, kusimudza munhu kubva pachinhanho chekurasika.

<sup>51</sup> Uye, tarisai, Vari pamusoro peNgirozi yose, Ngirozi huru yose. Anova wepamusoro-soro aivapo, akadzika pano panyika, akagara pakati pevanhu. Uye Akaenda kuguta rakadereresera raiva panyika, Jeriko. Zvino akadereresera, kusvikira murume mudikisa weguta akatoita zvekutarisa pasi kwaAri; Zakeyo. Uye, ipapo, ndokufira zvivi zvevanhu. Akauya nenzira yemudanga, ari murombo. Akapfumisisa. . . Oo, ndinotarira kuti murombo akava murombo wekupedzisira.

<sup>52</sup> Kunyangwe pahusiku hwaiva nedutu, vakati, “Shiri dzine matendere, uye makava ane mwena, asi haNdina kana nzvimbo yekuisa musoro waNgu.” Wepamusoro-soro peose matenga eDenga, akazova wepasi-pasi pane vose vepasi. Kunyangwe nekune hupenyu hwemhuka, dzaiva dzakakomborerwa, panaVo, dziri pamusoro paVo, pane zvekugarika zvepahupenyu.

<sup>53</sup> Kwete izvozvo chete, asi, murufu rwaKe, Akatambudzika rufu rwusina ani akambotadzika kudar; hakuna kana, muvanhu, akambotambudzika nekurwadziswa moyo zvekusvika pakuti Ropa raKe nemvura zvapakapsanurana rufu rwaKe rwusati rwasvika.

<sup>54</sup> Murombo wekupedzisira; kubva pakuva mupfumi kupfuura vose, kusvika pakuva murombo wekupedzisira. Kubva pakuva uyo akanyanyisa kuropafadzwa, kusvika



pakutambudzika kwakanyanyisa kutyisa. Uyezve, kunze kwaizvozvo, vakadzika zasi mukati mepakadzikisisa pegehena repasi-pasi, vakatakura chivi chedu. Ndokutora pakaperera katambo, kana kuti pakaperera tambo, kubva pagwanza. Ipapo, akaisimudza murumuko, ndokuibatandiza nechimwe chikamu chaZiyendanakuenda, akagadzira Mugwagwa mukuru hwehutsvene, wekuti vasina kuchena vaikwanisa kuuyapo vachicheneswa.

Nemutsime rakazara neRopa,  
Rakatorwa kubva mutsinga yaEmanueri,  
Kana vatadzi vakawira pasi pemafashama,  
Vanorasikirwa nemakwapa ose emhosva  
dzavo.

<sup>55</sup> Huya paMugwagwa mukuru. Uye nerimwe zuva, Uyo Aiva kumavambo enguva, achamira semukweguru wenguva, uye achadhonza tambo huru yeVhangeri. Zvino vose vari paMugwagwa mukuru iwoyo, kubva pakutanga kwenguva, kusvika pamukweguru wenguva, kusvika kumagumo enguva, vachasimudzwa; paVachaburitsa nguva kuti isazovapo, ichiva muna Ziyendanakuenda. Muri kuzviona here? Hoyo Ari apo, “Mutongi mukuru woga wechokwadi; Mambo wemadzimambo, naIshe wamadzishe.”

<sup>56</sup> Ko Vakazviita sei? Kufanoziva. Vakaziva. Zvino vakataura, kuti, “Aiva Gwayana rakauraiwa.” Zvino, kana Aiva, zviuru zvina zvamakore akatevera rakabva razouya, nguva ndokupera. Akaberekwa, vakaita kwaAri zvaAkataura kuti vachaita, uye zvararo Akazoroverwa nekuuruiwa. Asi, chaizvoizvo, “Akauraiwa nyika isati yavambwa,” nekuti Mwari vakafanoMuona uye vakataura zvichazoitika. Zvino kana Mwari vataura, zvinofanira kuva saizvozvo. Mazvibata here? Oo, ini zvangu! Mwari vakafanoona Kristu, uye zvinotofanira kuva saizvozvo. Ndokusaka zvakange zvakatopera. Mwari pavakataura Shoko, zvakabva zvazvipedza. Hecho chikonzero Akanyatsa kufanofananidzirwa, akauraiwa, apo Mwari pavakataura Shoko nyika isati yavambwa.

<sup>57</sup> Cherechedzai! Kristu haana bedzi kuuruiwa, kuti abvise zvivi, asi zita rako rakanyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana nheyo yenyika isati yavapo. Mwari vakanyora zita rako, rakabatanidzwa neraVo, nheyo yenyika isati yavapo.

<sup>58</sup> Zvino, Satani, ungavaita kuti vatye zvino, ungavaita kuti vazvipokane?

<sup>59</sup> “Nyika isati yambovambwa, Mwari vakadana zita rako, imi Makristu, uye vakarinyora muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yambovambwa,” Bhaibheri rinodaro. Ndiro Shoko raMwari, Vakataura kumashure uko, uye vakazarura kuburikidza nevaranda vaVo, vaporofita, uye tiri

kunakirwa neropafadzo rekuzorora, nekumirira Kuuya kwaShe. Takamirira, nemooyo murefu. Zvakatopera. Oo!

<sup>60</sup> Ndosaka, hurwere, njodzi, rufu, hakuna chinhu chinokwanisa kutipatsanura kubva parudo rwaMwari rwuri muna Kristu! Nekuti, nheyo yenyika isati yavapo. . . Vakatiisa paMugwagwa mukuru wakare iwowo, ndokukwira muraraungu wakatambarara, ndokuenda panhongonya yepakutanga kwenguva zvakare, vakabata tambo muruoko rwaVo. Zvino nerimwe zuva, vachati, “Huyai zvino kumusoro!” Isu vapenyu uye vanosara kusvikira paKuuya kwaShe, hatinadzivisi avo vakafira muMugwagwa mukuru, nekuti hwamanda yaMwari icharira uye vakafa muna Kristu vachamuka. Uye tichabvutwa pamwe chete, kunosangana navo, apo chisungo chinosimudzwa zvakare chichidzokera mudenderedzwa remuna Ziyendanakuenda. Uyezve apo mazera opindana, tichaimba rumbidzo dzaKe.

<sup>61</sup> Chii chaAri kuita? Kumusoro uko, ari kutivakira musha. “Mumba maBaba vaNgu mune dzimba huru dzakawanda; dai zvaive zvisina kudaro, Ndingadai ndakakuudzai. Uye Ndaburuka zasi kuno, asi Ndiri kuenda kunokugadzirirai imwe, ndoiita kuti igadziriswe zvakanaka. Zvino kana Ndikaenda, Ndichadzoka zvakare, kuzokugamuchirai kwaNdiri.” Oo, ini zvangu! Zvino Ari kugadzirira musha.

<sup>62</sup> Kana hupenyu hunofa uhwu hutema, huri pano panyika, pahucha. . . tichaparadzaniswa nahwo, huchakandirwa kunze kwedenderedzwa remuna Ziyendanakuenda. Huchange huri kunze kwemukaha, uyo usina kana munhu anokwanisa kuhuyambuka, kana kumbobvira akazviita, kana kuzombobvira azviita. Zvino kana chinobatanidza ichi chiri zasi kuno, chichinge chasimudzirwa kune chikamu icho, ndiwo Mugwagwa mukuru wakagadzirwa, mutsvene, wakataurwa naMwari, kumavambo, “kwaiva kusina chinhu chinosvibisa; kusina chinhu chinoparadza.” Zvino chivi chakakonzerwa gwanza iri. Zvino kana gwanza iri rikaenderera mberi, zasi chaiko nekuno uku kuti riburitse vamiririri, zvino parinozvuvirwa kumusoro pamwe chete, kunosangana nemagumo ese, Ziyendanakuenda rinobva rapfuurira mberi. Avo vakadzikinurwa vachafambiramo. Mazvibata here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

Oo, ndinoshuvira ndaigona kuimba. Ndinoda kuimba rwiyo rwuya rwakare:

Kune musha wakanaka kure mhiri  
kwegungwa,  
Kune dzimba huru dzemufaro dzakaitirwa iwe  
neni!

Nharirire dzinopenya, zuva...dzinoridarika  
pakupenya,  
Musha mukuru wekudenga nerimwe zuva  
uchava wangu.

Saka, tende kana imba duku, ko ndingaitirei  
hany'n'a?

Vari kundivakira musha mukuru mhiri ikoko!  
Wemarubhi nemadhaimani, nesirivheri  
nendarama,

Homwe dzavo dzemari dzakazara, Vane  
hupfumi husakambotaurwa.

Oo, nyasha dzinoshamisa! ruzha rwunotapira  
sei,

Dzakaponesa munhu akaparara seni!

Ndakambenge ndakarasika, asi zvino  
ndawanikwa,

Ndakanga ndiri bofu, asi zvino ndave kuona.  
(Ndisina chandakaita.)

Dzaive nyasha dzakadzidzisa moyo wangu  
kutya,

Dzaive nyasha dzakabvisa kutya kwangu;

Dzaive dzakakosha zvikuru nyasha idzi  
padzakaoneka

Panguva yandakatanga kutenda!

<sup>63</sup> Kuziva kuti paive pasina chinhu chandaigona kuita, kana kuzoita, kana chandaiziva, kana chandaiva nemukana wekuita. Ndeizvo zvaVakandiitira. Vakaburuka uye vakandidzikinura, vakandiisa paMugwagwa mukuru; ndokumira kune rimwe divi, kudhonzera micheto miviri pamwe chete, kuita kuti Ziyendanakuenda raive risina chisunganidzo rienderere mberi. Ndine kodzero yekufamba muna Ziyendanakuenda iroro nekuti Akafa uye, muchinzvimbo changu, ndokubvisa chivi changu. Zvinoshamisa!

*...murairo zvaune mumvuri—mumvuri wezvinhu  
zvakanaka zvichauya...*

<sup>64</sup> Chii chinonzi mumvuri? Mumvuri kufanoratidzwa kwechinhu. Munoziva, nguva dzakawanda vanhu vanotaura Mapisarema 23. “Hongu, kunyangwe ndikafamba nemumimvuri mitema yemupata werufu.” Handizvo. Inoti ivo...Ipapo, “Hongu, kunyangwe ndikafamba nemumumvuri,” kwete mumvuri mutema. Kana dai kwaiva kutema, kwaisaita mumvuri. Panofanira kuva nechimwe chikamu chechiedza, kufanoisa mumvuri.

<sup>65</sup> Saka, murairo wakapa chiedza chinokwana kuti tione mumvuri wechinhu chemazvirokwazvo chaizouya. Kristu aimiririrwa mumurairo iwowo, wemumvuri.

<sup>66</sup> Aimiririrwa, akafanoonekwa, muna Josefa, pasi pemurairo. Josefa, achiva mumvuri waKristu, achidikanwa nababa vake, nekuti aiva munhu wemweya. Aiona zviratidzo, kududzira hope. Aiva wemweya zvakananyanya, uye achizvidzwa nevakoma vake. Achienderana chaizvo, naKristu. Akaona zviratidzo zvababa, uye aiva munhu wemweya. Zvino mukoma wake aimuvenga, pasina chikonzero. Uye ainge achitaurwa kunzi akauraiwa, hanzu ine ropa yakaiswa pamberi pababa.

<sup>67</sup> Oo, zvakanaka sei! Oo, ndikangotanga pane izvozvo, handizombopindi muchidzidzo chino. Hanzu, yakaendeswa kuna baba, yaiva neropa, ichimiririra mwanakomana wavo akanga afa; Isaka. Zvino nhasi, hanzu yaIshe Jesu, hupenyu hwaKe hwakacheneswa neRopa raKe rakadeurirwa vatadzi, zvinomira pamberi paMwari serangaridzo yekuti mutengo wakabhadharwa. Muri kuzviona here?

<sup>68</sup> Uye akatengeswa nepotse masirivheri makumi matatu, sezvakaitewa Kristu. Akaburitswa mumugero, mugomba, maakange akandwa. Uye Kristu akanzwarwowo, zvakare, kuburitswa mubwiro. Akaiswa kuruwoko rwerudyi rwaFarao. Hakuna munhu waikwanisa kuenda kuna Farao, kunze kwekuburikidza naJosefa. Kudanidzirwa kwakaitwa, kuti, kana Josefa achinge auya, kuti vaifanoenda, varume mberi kwake, vadanidziri, vachiti, “Munhu wese pfugama nebvi! Josefa ari kuuya.”

<sup>69</sup> Zvino, Bhaibheri rakataura, kuti, “Ibvi rose richapfugama, uye rurimi rwose rwuchapupura, kuZita raShe Jesu.”

<sup>70</sup> Aigona kusunga muranda waFarao pamadiro ake. Aiva nesimba rose nehutongi hweEgipita hwakaiswa mumaoko ake. Uye ngoro payakadzika nemumugwagwa; munhu wese, kana kudanidzira kwauya, muEgipita wose, zvisinei nokuti vaimuvenga sei, vakapfugama nebvi ravo kuna Josefa.

<sup>71</sup> Rimwe zuva, shamwari mutadzi, zvisinei kuti ungada kuZvidana kuti “kupengereka,” zvisinei nokuti ungada zvakaadini kuzviti handiZvo, kuti ungada zvakaadini kunzvinga wogara munyika, uye uchizvidza Chechi nezvinhu zvaMwari, nerimwe zuva uchapfugama nebvi rako uchizvida kana kusazvida.

<sup>72</sup> Asi zvingava zvakaabwinya sei kune avo vanoda Josefa. Avo vaimuda kwazvo, vakati, “Oo, heuno muchinda mukuru, Josefa.” Zvino vakapfugama nemabvi avo, vakati, “Oo, Josefa, wakaponesa hupenyu hwedu. Tingadai takasvika pakufa nenzara, dai kuti . . .”

<sup>73</sup> Asi, vamwe, vakange vasingape kutenda: “Ah, hazvina maturo!” Vasingatendi. Tine mhando yevanhu vakadaro munyika nhasi. Haukwanisi kucherechedza kuti chingwa chauri kudya, uye nemhepo yauri kufema, zvinobva kuna Mwari. Zvino vakamurumbidza.

<sup>74</sup> Imwe nguva yakapfuura pano, VaBaxter vachiri maneja wangu. Apo Mambo weEngland...pataiveko tichishanya. Mambokadzi paakabuda, mudzimai akaisvonaka, akapfeka nguwo yake yakanaka, nebvudzi rake rakange rava kuchena. Uye mambo vakagara, vachirwara zvikuru panguva iyoyo, vaisakwanisa kuzvibata. Vakange vaine dambudziko remudumbu uye nechirwere chinokanganisa uropi nemusana. Yakange iri nguva iyo vasati vanamatirwa. Asi vaisakwanisa kumira. Asi, zvakadaro, ropa ravo rehumambo, vakasimudza dundundu ravo diki ravaiva naro, kunze, vakatyaira vachidzika nemumugwagwa vari mungoro.

<sup>75</sup> VaBaxter vaive vakamira ipapo. Zvino pavakapfuura, ndakavatarisa. Miromo yavo yaidedera, misodzi ichiyerera nepamatama avo. Vakaisa ruoko rwavo rwukuru rwakandimbundira, vakati, “Hama Branham!”

Ndikati, “Matii, Hama Baxter?”

Vakati, “Munoziva, ndi—ndiri wekuCanada.”

“Hongu.”

<sup>76</sup> Vakati, “Murume anotonga nyika yedu, mambo, iye nemwenga wake wakanaka uye nemudzimai, ari kupfuura. Ndipo pandatadza kuzvibata. Ndati ndizvitupfunure.”

<sup>77</sup> Ndakavambundira neruoko rwangu, ndikati, “Hama Baxter, semuKristu, pamwe chete nemi, ko zvichazova seiko nerimwe zuva rakabwinyiswa, apo Mambo vachauya neMwenga waVo!”

<sup>78</sup> Kana munhu aigona kufunga izvozvo achiona mambo wepano pasi, anofawo sesu, ko zvichazova sei patinoona Mambo wamadzimambo achiuya muKubwinya? Ichava nguva yakabwinyiswa sei!

<sup>79</sup> Akafanofananidzirwa muna Josefa. Akafanofananidzirwa muna Dhavhidhi. Murairo wakafanofananidzira Kristu. Dhavhidhi...Kristu ari Mwanakomana waDhavhidhi. Uyezve apo...Kristu ari muna Dhavhidhi, semumvuri, zvakaita kuti Dhavhidhi, paakabviswa pachigaro chehumambo, arambwa nehama dzake; kwete hama dzake chete, asi veropa rake chaivo, Absaromu, nevana vake chaivo. Hezvinoi izvi. Vakazvidza baba vavo chaivo, vakadanira ropa ravo, ndokuvabvisa pachigaro chehumambo. Zvino akaenda kumusoro kwegomo, gomo reMiorivhi, akatarisa kumashure, achichemera Jerusarema.

<sup>80</sup> Kuti Ivo, Mwari, vakafanofananidzira Kristu muna Dhavhidhi. Nekuti paAkabviswa pachigaro chehumambo, adzingwa, nevamiririri vaKe chaivo, vanhu vaKe chaivo, maJudha, vakachemera Ropa raKe. “Munhu akadai uyu ngaaende!” Akagara pagomo reMiorivhi ndokutarisa kune Jerusarema akachema, achiti, “Jerusarema, O Jerusarema, ko ndingadai ndakakuvhumbamira sezvinoita huku pahukwana dzayo, asi wakaramba.”

<sup>81</sup> Kristu akafanofananidzirwa muna Merikizedheki, muhuprisita, muchitsauko 9...muchitsauko 7 chaVaHebheru. Kuti Merikizedheki...Abrahama zvakare akafanofananidzira, zvose kumashure uko, zvinhu zvose zvakana, uchingova mumvuri. Uye kuti Merikizedheki, muchitsauko 7, tinoverenga pamusoro paKe pano. TichangoZviverenga kwechingovana.

*Nekuti Merekizedheki uyo, mambo weSaremi, muprisita waMwari wokumusoro-soro, wakangana naAbrahama pakudzoka kwake andouraya madzimambo, akamuropafadza;*

<sup>82</sup> Ameni! Abrahama! Roti, mwana wemunin'ina wake, aiva akadzokera kumashure. Munoono Mweya chaiwo, wechokwadi waKristu? Ndinotarisa kuti mazvibata. Zvisinei kuti akanga adzokera kumashure zvakadii; paakava mudambudziko, heuno Abrahama akauya kwaari, nemauto. Vatorwa vakanga vakapoterredza, mumipata yeSodhoma, vaiva vadzikako uye vakatora Sodhoma namambo wayo. Ndokutora, imomo, vakatorawo Roti pamwe chete naye.

<sup>83</sup> Zvino Abrahama, babamukuru vake, wehukama hweropa, vana wemunin'ina wake. Zvino akatarisa zasi akaona kuti muvengi aiva atora hama yake yeropa. Akagadzira mauto evaranda vake pachake, vakamutevera.

<sup>84</sup> Zvaimiririra Kristu. PaAkaona Chechi yaMwari anorarama yatorwa, mukukanganisa kwadhiyabhore, Akagadzira mauto eNgirozi ndokuuya panyika, kutevera dhiyabhore, ndokumukurira. Hareruya! Ndokuparadzira muvengi! Oo, tinoMuda kwazvo nekuda kwaizvozvo! Akakunda muvengi. Zvino Akauraya muvengi, ndokumutorera zvose zvaiva nazvo; ndokumukandira kurutivi.

<sup>85</sup> Zvino chaiva chii chekutanga chavakaita, Abrahama achidzoka naRoti, mudzimai wake, vana vake, uye nepfuma yose, vachifamba nekukunda vachidzokera kunzvimbo yekumusha yakare zvakare? Akasangana naMerikizedheki.

<sup>86</sup> Merikizedheki waiva mambo weSaremi. Saremi ndiyo Jerusarema. MaJudha paakaenda kuJerusarema, vakaidana kuti "J-...-u-sarema," Jerusarema. *Saremi*, zvinoreva kuti, "guta rerugare." Akange ari mambo we...Teererai. Ngatizviverengei.

*Kune uyo...Abrahama akamupawo chikamu chegumi chazvose; pakutanga ari...zvichidudzirwa kunzi Mambo wekururama,...*

<sup>87</sup> Ndiani Mambo uyu akasangana naye? Achidzoka nekukunda, akunda, sezviri Chechi nhasi, ichibva paKarivhari.

*...mushure maizvozvo...Mambo weSaremi, ndokuti, Mambo werugare;*

*Asina baba, asina mai, asina dzinza, asina kana kutanga kwemazuva, kana magumo ehupenyu;...*

88 Ndiani Mambo uyu weSaremi? “Mambo mukuru weJerusarema,” kwete wepanyika, weKudenga. Jerusarema repanyika ndiwo mufananidzo wereKudenga. “Zvino heuno Mambo weSarema auya, anova kutanga Mambo wekururama, Mambo werugare; Akanga asina kana baba, asina kana amai; Akanga asina mavambo ehupenyu, kana magumo emazuva.” Oo, ini zvangu! “Asina dzinza.” Hakuna mumwe kunze kwaKristu pachaKe! Ndiye Anosanganikwa naye neChechi pavanokwira kumusoro mudenga.

89 Zvino Abrahamama paakasangana naYe, akaMupa chegumi chazvose zvaanga atapa.

90 Munoziva here zvavakaita? Chinhu chekutanga chavakaita kwaiva kugara pasi. Ndinonzwa manyukunyuku kwazvo. Vakagara pasi ndokugwedura chingwa, uye vakanwa hwaini, vakatora chirairo, mushure mekunge hondo yapera.

91 Zvino Bhaibheri rinotiudza kuti, Jesu Kristu akadaro, kuti tinozo... “Handizodyi zvachose pamuchero wemuzambiringa, kusvikira Ndaudya patsva nemi muHumambo hwaBaba vaNgu.”

92 Kutu, kana hondo yekupedzisira yarwiwa, uye tava nekukunda, nevakarasa gwara vadzozwa kuHumambo hwaMwari, tichazogara pasi muHumambo hwaMwari, uye naMerikizedheki wedu, Asina mavambo emazuva, kana magumo emakore. Oo, ini zvangu! Ndiye uyo asina chisunganidzo, Uyo wemuna Ziyendakuenda, wachadya chirairo naYe.

93 Oo, mufananidzo wakanaka sei unopihwa neTestamende yaKare kuvatendi veTestamende Itsva. “Murairo zvaune mumvuri wezvinhu zvichauya, uye usiri... ” Teererai. “Murairo zvaune mumvuri wezvinhu zvakanaka zvichauya, uye usati uri mufananidzo chaiwo wezvinhu izvozvo.” Waiva mumvuri wechinhu chaicho chaiukanda.

94 Dhavhidha akatonga pasi rose, muzera rebudiriro huru yeIsraeri. Aiva chii? Mumvuri. Dhavhidha aive akagara pachigaro, pasi rose riri patsoka dzake, ko zvaiva mumvuri wechiiko? Zvaiisa mumvuri pane Chimwe chinhu, zvichifukidzira Mwanakomana waDhavhidha, Anova Mwanakomana waMwari, Anova Merikizedheki, “haAna, mavambo emazuva uye nemagumo emakore.” Mumvuri we, panguva yeMireniyamu, Achagara paChigaro chehumambo chaDhavhidhi achitonga marudzi ose.

“Mumvuri wezvinhu zvakanaka.”

95 Zviiko nhasi? Tinotarisa nekuona mumvuri, varume nevakadzi vanopupura kuva Makristu, asi vachirarama senyika. Vanoti, “Oo, ndiri nhengo yechechi. Zvinoita mutsauko wei?” Mumvuri wemunyengeri, kubva mubindu reEdheni, akanyepedzera kuva akanaka, akanyepedzera kuva neChiedza, akanyepedzera kuva nehuchenjeri, asi ari munyengeri. Zvino

ndiyo nzira inoitwa nevarume nevakadzi nhasi, vanodana Zita raJesu Kristu uye vasingazobvi pachivi, vachifanofananidzira murango wavachawana pamwe chete naye anova munyengeri. Jesu akati kuvaFarisei vaya vanamati, “Muri vababa venyu dhiyahhore.” Ndinotarisira kuti munozviwana. Ndinotarisira kuti zvinonyatsodzika chaizvo. Mumvuri wehunyeri.

<sup>96</sup> Zvino anoiteiko Mukristu wemazvirokwazvo zvizere, wehumambo, akaberekwa patsva neMweya waMwari, ane zita rake rakanyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana nheyo yenyika isati yavako? Avo... Chingauya, chingaenda, chingava chii, vanongobatirira paruoko rwaMwari rwusingashanduki. Chiiko chiri mumoyo mavo chinodokwairira chimwe chinhu chiri mhiri? “Kune avo,” Bhaibheri rakadaro, “vanoita saizvozvo, vanopupura pachena nehuchapupu hwavo, nehupenyu hwavo, kuti vanotsvaga Guta rinouya, Muvaki waro neMugadziri waro ndiMwari.”

<sup>97</sup> Ko inzara ipi iri mumoyo mako, mangwanani ano, yekuda kumira muHupo hwaVo? Ko inzara ipi iri mumoyo mako, mangwanani ano, iri kunanavira nezvose zviri mauri? Mweya wako wose nehupenyu hwako hwuri kuchemera chimwe chinhu, kudzamara wati, “Handina basa nezvinouya kana kuenda.”

<sup>98</sup> Oo Mwari! Chimwe chinhu chiri mauri, ukatarisa panyika, zvino misodzi inoyerera ichidzika mumoyo mako. “Oo, hama yakarasika!” Tarisai madzimai munzira dzavo dzakaderera, dzisina hunhu. Nekuona varume vachinwa, nekuputa, uye vachituka, nekubheja; asi vachienda kuchechi. Chii chiri mumoyo mako chinodanidzira kuti, “Hama yangu yakarasika, yakadzokera kumashure?”

<sup>99</sup> Wabata Chimwe chinhu kumusoro *Kuno*. Wabatanidzwa nekumwe kumucheto kwetambo. Wabata chi—chisungiso, Mugwagwa mukuru, chakange chakasunganidza Ziyendanakuenda kumavambo. Apo zita rako parakaiswa ipapo, nekuonekwa nechizenga chikuru ichocho, kana kuti hunhu hwezivo yaMwari, ndokutarisa pasi vakaona kuti waizouya Kumusha. Uye, zvakadaro, wakapofomadzwa nezvinhu zvenyika pasi pano, une rumwe ruzivo. Apo Mweya Mutsvene unodzikisa ngetani iyi reropa, zvino yobva yabata moyo wako, Unotaura zveNyika iri nani, uye neNzvimbo iri nani, neGuta riri nani. Saka, unogona kuti:

Nyika ino handi musha wangu,  
Ndiri kungopfuurawo;  
Pfuma yangu yakachengetwa kumusoro,  
Kure mhiri kwematenga.

<sup>100</sup> Mwari vachitaura. Regai zvingauye, zvingaenda, chero zvazvingazova; moyo wako uchakanangiswa. Mumvuri, mumvuri wacho uri mberi kwako. Ndizvo zvinogadzira mumvuri wacho. “Murairo zvauine mumvuri” werubhabhatidzo



rweMweya Mutsvene. “Murairo zvauine mumvuri.” Ndicho chikonzero Vakati, muBhaibheri, unofanira kutora nekuzanisa Magwaro neMagwaro, woita kuti zvbude kwazvo. Zvino akauya, aine kamhosho kadiki maari, rangarirai, muri kunze kwemutsara. Garai nenzira iyoyo, mu—mutsara iwoyo weGwaro.

<sup>101</sup> Zvino, “Murairo zvauine mumvuri, haumbobviri wakaita kuti munamati akwaniswe, haumbobviri wakaita kuti uyo anouya akwaniswe. Nekuti . . .” Teererai, ndima 2. Tichazviedza, mumaminiti mashanu anotevera. Tarisai.

*Dai zvakanga zvakadaro zvingadai zvisina kupera kubayirwa here? . . .*

<sup>102</sup> Kana ropa renzombe nembudzi nemakwai uye nematsiru, uye dai muprisita mukuru aiva wehurongwa chaihwo, ipapo nyika ingadai yakangoramba ichienderera mberi. Rufu rwungadai rwakamira pasi peihwohwo. Mazvibata here? Ngazvinyatsosinina kwekanguvana. Dai Kayafasi, muprisita mukuru, kupiriswa kwehupenyu hwemhuka, kwainge kwakakwanisa munhu nekumupa Hupenyu Husingaperi, zvino paisazova nechikonzero chekuti chimwe chinhu chitike. Zvingadai zvakaramba zvichienderera mberi. Hupenyu Husingaperi hungadai hwakapinda, nekuramba huchikura. Asi pakazofanira kuva nemumvuri weGwayana raMwari remazvirokwazo raiuya kuzobvisa chivi cheniyika, rakange rafanotaurwa naMwari.

<sup>103</sup> Zvino varume nevakadzi nhasi, vakafanozivikanwa naMwari nheyo yenyika isati yavepo, mazita avo akanyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana. Kana vakashevedzera, zvakanaka. Kana vakasadaro, zvakanaka. Kana vakaita *izvi*, zvakanaka. Kana vakasaita, zvakanaka. Nekuti, Mwari vakatofanotaura kudaro. Zvinofanira kuitika. “Haasi uyo anoda, kana uyo anomhanya, ndiMwari vanoratidza tsitsi.” Sarudzo yaMwari, kwete yedu.

<sup>104</sup> Zvino cherechedzai. “Saka zvipiriso izvozvo hazvaizoguma here kuvapo? Nekuti hazvaizoguma here kunge zvaipiriswa? nekuti . . .” Sei? Pano tava kuswera pakuvhara zvino; chikoro chabuda. “Nekuti kuti munamati . . .” Sei? “Nekuti . . .” Oo, Ndinonzwa sekamwana kadiki kane toyi reKisimusi zvino. Ndiri kungofara kwazvo pamusoro peIzvi. Ndinoda sei kuZvipa kuChechi, kwamuri imi vatendi, kukuonesai zviru Chokwadi! Dai zvaive zvakanaka, zvingadai zvisina kuguma; zvingadai zvakaenderera, Hupenyu Husingaperi. “Nekuti munamati . . .” Zvino Zviverengei neni, “Munamati kamwe . . .” Kwete rumutsiriro rwoga-rwoga, kusvikira mangwanani eSvondo yoga-yoga.

*. . . asi munamati akacheneswa kamwe chete angadai . . . asina hana yechivi.*

105 Chii? “Munamati akacheneswa kamwe chete.” Kuchenesa kweRopa reGwayana, kamwe chete kunotsvaira zvizere, kunochenesa munamati, hana chaiyo yechivi yabviswa. Pafungei ipapo.

106 Shoko rekuti *hana*, mududziro chaiyo yatingashandisa pano. Iyi ndiyo mhando yeKing James. KuEngland, zvinoreva kuti hana. Kuno, zvinozoreva kuti “chishuwo.” “Munamati acheneswa kamwe chete,” nechinochenesa chaKristu paKarivhari, “haasisina chishuwo chechivi. Zvinhu zvakare zvapfuura; zvinhu zvose zvava zvitsva.”

107 Zvino, unogona kuimba sekadhimba, asi uchine ruvengo, pfini nekukakavara mumutumbi mako, mumunhu wako wemukati. Unogona kudanzira kunge hamheno-hazvo, unonga uchingova nazvo. Unogona kutamba muMweya, unogona kutaura nendimi, unogona kuporofita, unogona kuparidza, chero chimwe chezvinhu izvozvo, woramba uine pfini, shanje, kukakavara mumoyo mako.

108 Asi kana kufanogadzwa kwemazvirokwazvo, kwechokwadi kweShoko raMwari Risingagumi, zita rako parakanyorwa ikoko, zvino Ropa rinogara richichenesa munhu iyeye; kungozvifunga chete, zvinomupomera ipapo chaipo paakamira.

109 Anoti, “Hazvindipomere. Ndinoenda kunzvimbo idzi; handizvipomeri.” Ko sei zvisingadaro? Iwe, semunamati asina kunaka, hauna kumbobvira wakacheneswa neRopa raJesu Kristu.

110 Zvino vanobatirira pane zvemitemo vakabva vabatirira papfungwa iyi, “Hareruya, ndichapfeka madhirezi angu akadzika nenzira *iyi*, uye madhirezi angu akadzika nenzira *iyi*. Ndichasiya bvudzi rangu richikura, uye ndichange ndakaita zvakana.” Inhema iyoyo. Uye vanonongedzera kumudzimai ane bvudzi pfupi, nemadhirezi mapfupi, voti, “Ari kuenda kugehena.” Handikwanisi kutaura izvozvo. Asi ndinofunga kuti zvinhu izvozvo zvakana. Handisi kuvapomera. Asi ukazorodza tariro yako yemuna Ziyendanakuenda uye neruponesa padzidziso iyoyo, wakapomerwa pamwe chete nayo.

111 Murume kana mudzimai, hazvina basa kuti uri *ichi*, *icho*, kana *chimwewo*, iwe huya kutsime rizere neRopa rinobva mutsinga dzaEmanuuri, wotendera kuchenesa kweRopa raShe Jesu Kristu kuchenesa zvivi zvako.

112 Hama, hazvina basa, unogona kuva nemadhirezi akareba kwazvo, unogona kusapfeka shati ine maoko mapfupi, imi varume, nezvinhu izvozvo, kana chero zvaungada kuita; asi kana uchine pfini, neshanje uye nekukakavara. Unogona kunge wakamhanya, wakatamba, wakataura nendimi, wakashevedzera, wakaparidza Vhangeri, kana chero chimwe chinhu, asi wakarasiika kusvikira Ropa iroro rakuchenesa nekuisa rudo rwaMwari rwaIshe Jesu Kristu, mumoyo mako,

uye uchisiya matsimba eHupenyu hwaKristu kumashure kwako. Amen.

113 “Apo pane ndimi, dzichaguma. Pane chiporofita, chichakundika. Pane zivo, ichanyangadika. Asi kana icho chakakwana chasvika, icho chisina kukwana chinobviswa.”

114 Zvino takazorora nhasi, seavo vanobatirira pamitemo, pamusoro pechimwe chinhu chemutemo chatakaita. Handiti, pandaiva mutadzi, ndakange ndiri mbada. Pandakaedza zvakananyanya kuda kurega *ichi* nekurega *icho*, ndakangoita kuti mavara angu awedzere kupenya. Ndakange ndiri munyengeri nazvo, uye kana newewo. Asi pazuva raunouya paKarivhari, kuzocheneswa, uko Gwayana rechokwadi . . .

115 Pasi peTestamende Yakare, vaiunza gwayana. Vaienda kunze vonoita upombwe. Vaigumbuka kwazvo, nekukakavara, vachirwa, nekutukirira. Uye, kana vadaro, vaiunza gwayana, voriunza kumuprisita, voti, “Oo, muprisita waMwari!”

“Hongu?”

116 “Ndakatuka muvakidzani wangu. Nda—ndakaita upombwe. Ndakanyepa. Ndakaba.” Aaisa maoko ake pamusoro pegwayana iri riri kufa, risina gwapa. Muprisita airiongorora; raitochengetwa, kuti rionekwe kana raiva rakanaka. Aaisa maoko ake pamusoro paro, zvino vocheke huro. Zvino ropa raienda kwese pamaoko ake, uye gwayana diki iri richichema, richikava-kava, uye richifa.

117 Zvino munamati akamira ipapo, akati, “Hongu, ndingadai ndiri ini, asi gwayana riri kutora nzvimbo yangu.” Asi aidzokera nechishuwo chimwe chete. Aizviita zvakare achingokwanisa kuwana mukana.

118 Uye ndiyo nzira inoitwa nevanhu nhasi. Vanouya uye vachipupura, zvino voti, “Ndine *ichi*, *icho*, kana *chimwewo*,” zvino vobuda kunze; uye pavanodzokera, vodzokorodza kuita chinhu chimwe chete. Vojoina imwe chechi, neimwe zvakare; kana imwe iyi ikaita chimwe chinhu chidiki chanetsa, saka, vanoenda kune imwe *iyi* neimwe *iyi*.

119 Asi raiva mumvuri weiko? Raiva risina kukwana. Raisakwanisa kubvisa chivi, asi raiva mumvuri wekurapa kwakapetwa kaviri kwemazvirokwazvo kwaiuya.

120 Zvino pakauya Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, akafira paKarivhari, zvino munamati akaisa maoko ake kamwe chete pamusoro waIshe Jesu, uye achiziva kuti kudandzira nekuchema kuya pamuchinjikwa, rufu rwuya, kutambudzika kuya ari panzvimbo yemumwe, aitofanirwa kuzvibhadhara pachake, munzvimbo dzakadzika dzegehena uko kwaaifanira kunge akaenda. Akaziva kuti Kristu akabhadharira nzvimbo yekutendeukira chivi chake.

<sup>121</sup> Zvino chii chakazoitika? Chii chakaita mutsauko? Ko chii chakabuda kubva mugwayana, chakabva muropa? Pakabuda hupenyu. Uye chizenga cheropa chaiva paruoko rwake. Hupenyu hwaipoterera paartari, asi hupenyu hwegwayana hawaigona kudzoka pamunamati; kunyangwe areurura kuti aive akakanganisa, zvino gwayana rakatora nzvimbo yake. Nekuti, munamati ane munhu wemukati, uye haaikwanisa kurarama semhuka. Ndzivozvo.

<sup>122</sup> Asi, Oo Mwari, kokai tusimbi twuviri twechifefe, uye moita kuti mipongoro miviri iende kucheche ino, ndiwo munamato wangu. Asi kana munamati . . .

<sup>123</sup> “Uyo anonzwa Mashoko aNgu, uye achitenda pana Iye wakaNdituma, ane Hupenyu husingaperi, Mweya Mutsvene. Haazouyi pakupomerwa, asi abva murufu achienda kuHupenyu.”

<sup>124</sup> Kana munamati akaisa maoko ake pamusoro pemusoro weGwayana reKarivhari riri kufa, oreurura zvivi zvake, uye Mwari vanozviona sechokwadi chiri kubva mumoyo make. Anoreurura zvivi zvake. Hupenyu ihwowo hunotenderera, hunonzi Mweya Mutsvene waJesu Kristu, hunodzokera mumunamati. Zvino anobva acheneswa, uye haasisina zvakare chishuwo chechivi. Nekuti anotungamirirwa neMweya waMwari, kwete nehupenyu hwake oga, kubva ipapo zvichienda mberi. Achaita mhosho, chaizvoizvo, asi Hupenyu ihwohwo hunomubata.

<sup>125</sup> Tarisai. Ngatidzikei kune mana- . . . ndima 14. Hatina nguva yekuzvipedza. Ngatitorei ndima 12.

*Asi murume uyu, (kwete gwayana) . . . Kristu!*

*Asi murume uyu . . .*

<sup>126</sup> Ari kutura zvino pamusoro pehurongwa hwemuprisita mukuru. Kuti muprisita aipinda sei mutemberi, uye nezvimwe zvakadaro; kunamata. Kuti munamati aizodzokera kunze aine chishuwo chimwe chete. Munhu anouya kuartari obva ati, “Hongu, handidi kuenda kugehena.” Muparidzi achiparidza mapisiro anoita gehena, zvino artari yozara nevanhu. “Oo Mwari, handidi kuenda kugehena.” Asi havatombobviri vakada kuzvipira pachavo, voti, “Hongu, Ishe. Kwete kuda kwangu, kubva zvino zvichienda mberi, asi kweNyu.”

<sup>127</sup> Nyatsoona zvauri kuita. Iti, “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi.” Ropa raJesu riri pamaoko ako zvino. Rega kubuda kunze wonotanga kurarama hupenyu humwe chete hwawairarama. Ropa iroro richakupomera kumagumo, paKutongwa. Unofanira kuva neHupenyu huri muRopa iroro, kuti hudzokere kuropa rehupenyu hwako, hudzoke kumoyo wako uye wokuita kuti urarame zvakasiyana zveChikris- . . . munhu akasiyana. “Munamati acheneswa kamwe chete.” Tarisai pano.

*Asi murume uyu, mushure mekunge abaira chibairo chimwe chete chechivi (kwenguva yakaita sei?) nokusingaperi, (denderedzwa iroro remuna Ziyendanakuenda risina chisunganidzo) ... nokusingaperi, akagara kuruwoko rwerudyi rwaMwari; (Kumagumo enzira.)*

128 Ari nechekupi? Kumagumo enzira. Munorangarira, Svondo yekumashure kweyapfuura, Svondo yandakaparidza ndikaratidza zveareka diki yaMosesi, yaifamba ichidzika nemutsanga nezvimwe zvose? Munorangarira here imi vanhu vakuru pamakatanga kuchema nekudanidzira, pandaiparidzira vana? Ndakavaisa vose tumaziso twuya tudiki tutema netumaziso twebhuruu, vakagara kuno muzvigaro zvekutanga kumberi, ndichivaudza kuti, “Kana ukarasikirwa nehupenyu hwako, unohuwana. Ukachengetedza hupenyu hwako, unorasikirwa nahwo.” Munozvirangarira here, chechi?

129 Munorangarira here, pandainge ndichiratidza, ndakapa mufananidzo wemangwanani aye apo Jokebhedhi uye apo Amuramu, Aroni naMiriyeu, vakapfugama vose zuva risati rabuda, vane maoko avo mudenga, vachiti, “Mwari, Makatipa mwana mucheche, zvino tave kumudzoserwa kwaMuri. Makamupa kwatiri. Akange asiri wedu; aiva weNyu. Makamupa kwatiri, uye zvino tinomudzorerwa kwaMuri.” [Chibenga patepi—Mupepeti] “Tikamuchengeta, varoyi vemugehena vanomuuraya. Idzo chembere dzine mhino refu dzakakombama dzikauya kuno kuzatora musoro wake mudiki kuti dziurovere kumadziro. Tinorasikirwa naye kana tikamuchengeta. Asi kana tikamudzorerwa kune Uyo akatipa, tinomuchengeta.”

130 Ndicho chinhu chimwe chete chiri muigwa rako diki, mangwanani ano, hama, hanzvadzi. Une chinhu chawakatakura imomo, chinhu chawakatakura chinokosha chakambovako. Chinonzi munhu wako wemukati. Pfuurira mberi, uchengete, rarama nenzira yaunoda, ucharasikirwa naye zvechokwadi sekumira kwandakaita pano. Zvino kana ukamudzorerwa kuna Mwari, uye wopira kuda kwako, unomuchengeta. Unozomuwana. Jesu akataura kudaro. Rangarirai.

131 Zvino pavakasundira iyi, pfuma yepamoyo pavo, pavakaisundira kunze uko murwizi, makarwe akare akatanga kuuya. Ndinooona Mwari, sezvandakataura, vachisimuka kubva paChigaro chaVo chehumambo.

132 Munoziva, kune miyedzo mizhinji inoitika pasi kuno. Asi pane Mumwe munhu akaitarisa, nguva dzose. “Havana kuda hupenyu hwavo kusvikira murufu.”

133 Apo Amuramu mukweguru anonzvisa urombo, aiva nemwana wake mudiki oga, anodikanwa. Jochebhedhi mudiki akanga apedza kumuyamwisa pachipfuva chake, uye zvararo ndokuzomuisa muareka ndokuisundidzira kunze uko mutsanga,

maiva nemakarwe akange akakora nekudya vana vacheche. Ipapo, paaive akamira ipapo, misodzi ichiyerera ichidzika nepamatama ake, Mwari vakati, “Huya pano. Gabrieri, huya pano kweminiti. Ndinoda kukuratidza chimwe chinhu. Ndine umwe munhu anotenda zvachose maNdiri.” Ameni.

<sup>134</sup> Mwari, itai kuti ndive mhando yemunhu akadaro, anogona kuti, “Mwari vakadaro. Ndizvozvo.” Uye ndinge ndakafa kwazvo kune chinhu chipi zvacho, kusvikira zvava kuita seruzha rwendarira kana dare rinongoti ngwere-ngwere.

<sup>135</sup> Vakati, “Huya pano, Gabrieri. Nemi Ngirozi dzose huyai kuno. Ndinoda kukuratidzai chimwe chinhu. Munoono murume ari zasi uko ane maoko ake akasimudzwa mudenga? Asundira mwana wake chaiye uko. Ndakamupa mwana wacho, zvino ava kumudzorera. Ndichaona kuti anomuchengeta.” Ameni. Vakati, “Gabrieri, dana Ngirozi zviuru gumi, vari pasi pekurairwa kuti vafambe. Ndinovada kunze kuno.”

<sup>136</sup> Gabrieri akaridza hwamanda diki, ikanzwika nemunzira dzemuna Ziyendanakuenda. Zviuru gumi zveNgirozi dzine zvombo dzakafamba dzichidzika.

<sup>137</sup> Vakati, “Itai mutsetse muchikwira nekudzika nerwizi. Muone kuti hapana garwe, kana chimwe chinhu, chiri kuzobata mumwe wavo. Akadzorerwa kwaNdiri.”

<sup>138</sup> Gabrieri akati, “Ishe, Mutungamiri Mukuru wehondo, Muchange muripi?”

<sup>139</sup> “Ndichange ndiri kumagumo kwemutsara. Ndichanogamuchira zasi ikoko.”

<sup>140</sup> Ndicho chinhu chimwe chete chaAnoita nhasi. Kana munhu akaisa ruvimbo rwake muna Ishe Jesu, achireurura chivi chake, Mweya Mutsvene unobata munhu iyeye, zvino Kristu anomira kwekupedzisira kwemutsara kwaunogamuchirwa. Tichipinda nemumvura dzakawanda dzinotenderera, mune makarwe, nezvipoko zvinotyisa, nezvimwe zvese zvatapfuura nemazviriri.

Nemunjodzi dzakawanda, matambudziko,  
nemitoyo,  
Ndakatopfuura nemo;  
Inyasha dzakandiunza ndakachengeteka  
kusvika pano,  
Inyasha dzichandiendesa Kumusha.

<sup>141</sup> Ndiani ari kumagumo aunogamuchirwa? Teererai.

*...nekusingaperi, akagara kuruwoko rwerudyi  
rwaMwari;*

*Kubva zvino (kumusoro uko kumagumo enzira)  
achitarisira kusvikira vavengi vake vaitwa chitsiko  
chetsoka dzake.*

<sup>142</sup> Magadzirira here? Hezvinoi izvi pano. Hekunoi kutenderera kwebhaudhi kwekupedzisira. Heinoi nzvimbo yekupedzisira ine tochi. Hekunoi kurovererwa kwechipikiri kwekupedzisira. Ndiko kwaCho kunonyatsobatanidza Ziyendanakuenda naZiyendanakuenda. Uye, imomo, Munondo werudzikinuro rwaMwari wabaya uchipinda mumoyo, uchirembenda vamiririri vaVo, kuMweya Mutsvene. Hezvinoi zviri pano, VaHebheru 10:14. Teererai. Kwete shoko rangu; asi Shoko raMwari, VakaRitaura nheyo yenyika isati yavepo. Zvinofanira kuve saizvozvo.

*Nokuti nechipiriso chimwe chete iye (a-k-a-k-w-a-n-i-s-a) akakwanisa nekusingaperi avo vakacheneswa.*

<sup>143</sup> Kukwaniswa kusvika riinhi? Kusvika here panguva yauchanetsana nemuvakidzani wako? Kusvika here nguva inotevera yauchaona mumwe munhu, mumwe murume kana mukadzi ane ruchiva? Kusvika here nguva inotevera yauchawana mukana wekutura nhema huru? Kusvika here nguva inotevera yauchaona paungakwanisa kuvhiringa mumwe munhu nekuvarwadzisa, uye nokuvaita kuti vabve pachechi, saka dzimwe nguva unogona kutsoropodza mumwe munhu?

<sup>144</sup> “Akachenesa nekusingaperi, akakwanisa nekusingaperi. Apo Mweya Mutsvene...” Unogona kutaura chimwe chinhu, neimwe nguva, chakaipa. Ndizvozvo chaizvo. Unogona kuita chimwe chinhu, neimwe nguva, chakaipa. Ndizvozvo chaizvo. Asi uchangobva kuchiita... Tarisai ndima inotevera.

*Izvo Mweya Mutsvene...*

<sup>145</sup> Oo, ini zvangu, handichakwanisi kuparidza zvachose. Tarisai.

*...Mweya Mutsvene...unotipupurirawo:...* (Ini zvangu!)

*...Mweya Mutsvene...unotipupurirawo:...*  
mushure mekunge akambozvitaura,

*Iyi ndiyo sungano yandichaita navo mumazuva iwayo, ndizvo zvinotaura Jehovah, Ndichaisa murairo wangu mumoyo mavo, uye ndichaunyora mupfungwa dzavo;*

*Uye zvivi zvavo nekusarurama kwavo handichatongozvirangariri kwavari.*

<sup>146</sup> O Mwari! “Munhu wese ane tariro iyi anozvichenesa sekuchena kwakaita Mwari.”

*Ngatinamatei.*

<sup>147</sup> Baba veKudenga, tinoKutendai, mangwanani ano, nekuda kwekuchenesa kweMweya Mutsvene, nekuda kwenyasha dzaMwari anorarama. Taive vatadzi, tisina kururama, tisina humwari, tisingadiike; tisina Mwari, tisina tariro, vatorwa tiri munyika, zvino Kristu akauya akatora nzvimbo yedu.

Nekufanoziva Mwari vakationa tiri muchinhano chino, nokuziva kuti taive nenzara nenyota. Ndosaka Jesu akati, “Vachazadzwa.” Kwete “kuva nhengo.” Kwete kuti “vachajoina.” Asi, “Vachazadzwa; vaine nzara nenyota yekururama.” Nemamwe mashoko, “nzara nenyota,” nekuziva kuti hatina zvatinoziva kuita pachedu, zvisinei nezvatinoita.

<sup>148</sup> Dhiyabhore anogona kutiita kuti titevedzere chipo chose. Anogona kutiita kuti tibude kunze uye toisa maoko pamusoro pevanorwara, uye vopora. Anogona kutiita kuti titaure nendimi. Anogona kutiita kuti tidudzire ndimi. Anogona kutiita kuti tive nehuchenjeri, zivo. Asi izvozvo hazvizvitore, Ishe.

<sup>149</sup> Makati, “Vazhinji vachauya pazuva iroro, vachiti, ‘Ishe, Ishe, handina here kuita zvinhu izvi muZita reNyu?’” Akati, “Tbvai kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama. Handina kana kumbokuzivai.”

<sup>150</sup> O Mwari, zvino tariro dzedu ngadzisavakirwe pane chimwe chisiri Ropa raJesu nekururama.

Kana zvese zvakapoterredza mweya yedu  
zvakundika,  
Zvino Iye anova zvose tariro nehugaro hwedu.  
Nokuti pana Kristu, Dombo rakasimba,  
ndimire,  
Dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza.

<sup>151</sup> “KuMuziva ndihwo Hupenyu,” kwete kuziva rairo. “KuMuziva,” Iye mbune.

<sup>152</sup> Ndinonamatira, Baba, mutadzi wose ari muchivakwa nhasi, kuti Muvaponese iko zvino. Uye dai ivo, pasina manyawi, pasina kupikisa kunobva kuna dhiyabhore; asi dai ivo, nekutenda kwechokwadi, kusina kusvibiswa, vatende zvavanzwa zvichiparidzwa, nekugamuchira Mweya Mutsvene WaZviunza. Zviitei, Ishe, nekuti nemuZita raKe tinozvikumbara.

Zvino nemisoro yedu yakakotamiswa.

<sup>153</sup> Handizivi kana paine mumwe munhu pano mangwanani ano... Zvino ndingada... kwakadzikama, kutendeka, kwechokwadi kwenyu; zvisinei nekuti wakaitei, zvisinei nekuti wakatangidza kangani, kana kuti wava nenguva yakareba zvakadini uri nhengo yechechi. Wakaperera here, zvinobva pakadzika pemoyo wako, pamusoro peizvi, kuti unoziva kuti zvinhu zvenyika zvapfuura kwauri? Kuziva kuti, zuva nezuva, uye gore negore, zvinoenderera mberi, hoko yako yakabata? Pane mumwe Munhu, mhiri uko, akafanofananidzirwa kumagumo enzira, uko kuchabviswa mukaha mukuru uyu. Pane mumwe Munhu ikoko ari kudhonzwa mumoyo mako, achiziva kuti nerimwe zuva uchasimudzirwa kumusoro. Kana zvisina kubva mumoyo mako nhasi, shamwari, vagari pamwe neni, mupfuuri... .



154 Boka diki, rinonzwisa tsitsi, Mwari varopafadze moyo wenyu. Ndichikuonai makagara pano, nebvuodzi rachena uye nemapendekete akakombama. Kuona vana vadiki, varombo, avo pamwe vaitoshaya chikafu. Zvino ndingamira pano here ndotaura zvinhu zvisizvo kwamuri? Izvozvo, saka, Mwari ngavasatendera! Ndinozova... Ndinofanira kupfugama pasi ndotendeuka ndisati ndatomboparidza. Ndinokudai. Uye izvozvo zviine rudo rweChikristu rwemazvirokwazvo.

155 Tendesekei zvino kuMweya Mutsvene. Ko zvinhu zvose izvo zvapfuura here kubva kwauri? Kana kuti, Satani akakunyengera, uye uri kungorarama hupenyu hwepakati-nepakati? Dzimwe nguva unofunga, “Saka, zvakanaka,” uye nguva inotevera, handiti, iwe, “Saka, handizivi”? Zvino zvinhu zvinoitika, zvaunoziva. Zvino kana chiri icho chinhanu chako, uye mangwanani ano, uchida kuzvipira zvose kuna Kristu.

156 Rangarirai zvaAkataura. “Uyo anonzwa Mashoko Angu, nekutenda kune Uyo akaNdituma, ane, iko zvino, Hupenyu husingaperi.” Kutongwa kwaperi. Kubva panguva iyoyo zvichienda mberi, chinhu chacho chinenge chafa. Kana ukanyatsozvigamuchira chaizvo, zvinozviratidza zvoga.

157 Zvino tarisai. Musanyengedzwa. Munorangarira here pano, makore akawanda apfuura pataiva nechechi iri muhurongwa? Ndiri kutaura nemi, uye muri kunamata; misoro yakakotamiswa. Munorangarira here pataiva nechechi iri muhurongwa? Apo shoko parakapihwa mukuporofita, kana mundimi nemududziro, patairinyora pasi toriisa pamusoro pano papuratifomu, rapupurirwa nevarume vatatu. Ndakapa shoko racho richibva papuratifomu. Kana zvisina kuitika, mainge muine mweya wetsvina pakati penyu. Waiuya kumusoro kuno wozvigadzirisa.

158 Kana munhu aita zvakaipa, hanzvadzi kana hama ichimuona achiita zvakaipa, vaienda kwavari. Kana auya muchechi, vaimutora neruoko, voenda kumashure kuno mukamuri diki, voti, “Hama, Ndakakuonai muri kunzvimbo isiriyo. Handisi kuzozviturea pamberi pechechi, nekuti ndinokudai. Makakanganisa. Ngatinamatei zvino.” Maona?

159 Zvino tendesekei iwe pachako. Kana rudo rwaKristu rwuri mumoyo mako, kupfuurira zvinhu zvose, Mwari vakuropafadze; zvauri zvakanaka. Asi kana zvisirizvo, usanyengedzwa. Mweya iyoyo inonyengera nekukwanisa kwaingaita. Inokunyengera. Ndizvo zvakaikwa nemumwe kuna Evha, ndokumuudza zvokwadi yakawanda yaiva itsva. “Oo, hongu, Mwari vakati. Uh-huh.” Asi pane kamhosho kadiki mazviri. Ndizvo izvo... Ndizvo zvakatiputsa mangwanani ano; tinoona kamhosho kadiki kari mukuenderera. Ndiko kanokongerera dambudziko rose iri.

160 Hama, kana zvisiri kufambirana zvakanaka nemoyo waMwari, mungasimudze here ruoko rwenyu kuna Mwari, uye moti, “Mwari, neizvi, ndinoda kuita zvakanaka”? Hapana

anotarisa kunze kwangu. Simudza ruoko rwako. Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mumwe munhu zvakare? Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, nemi, nemi, nemi, imi. Mwari vakuropafadzei. Zvino, Vanokuzivai. Vanoziva mumwe nemumwe wenyu. Vanoziva zvamuri kushuvira.

<sup>161</sup> Zvino, nzira yedu yakare (wakakotamisa musoro wako) ndeyekuti vanhu vauye kuartari. Zvakanaka. Ndinozvida izvozvo. Hazvisi zvenuBhaibheri. Zvinongova dzidziso yechechi.

<sup>162</sup> “Kune vazhinji vakaMugamuchira, kwavari Akavapa simba rokuva vanakomana nevanasikana vaMwari.” Ipapo paugere, uye wasimudza ruoko rwako, dhazeni kana vanodarika venyu vari pano, uchazvigamuchira here zvino, pakadzika-dzika pemoyo wako, mushure mekunge wataura kuti unonzwa seunofanira kuita saizvozvo? Ungadaro here, boka rimwe chete rasimudza maoko aro, ungasimudza here ruoko rwako, uti, “Ndave kuzvigamuchira zvino, Hama Branham. Ndava kugamuchira Jesu zvino. Hazvina basa kuti ndakaitei, ndinoMugamuchira zvino seMudiwa neMuponesi wangu”? Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadze, mudzimai. “Ini zvino ndinoMugamuchira. Chimwe chinhu mumoyo mangu chiri kundiudza kuti ndi—ndi—ndinoda kudaro. Pane Chimwe chinhu chiri kundiudza kuti ndinofanira kudaro, izvozvi. Ndiro zuva rangu. Pamwe nguva inotevera, ndinenge ndava kure-kure.” Mwari vakuropafadzei, baba. Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadze, mudzimai. Ndinoona ruoko rwako. “Zvino ndinonzwa kuti ndizviite.”

<sup>163</sup> Shamwari, chechi iri kuita ichitonhora. America ichatongwa nenguva pfupi inotevera. Nyika dzose dzakatogamuchira. Uchazovei mumakore zana kubva zvino? Uchange uri kune imwe nzvimbo. Imwe nguva iri pakati peminiti ino nemakore zana kubva zvino, uri kuzobva pano panyika. Unofanira kuva nechokwadi. Usaite zvekutamba nazvo. Shoko riri kuparidzwa neMweya Mutsvene, uye Ichokwadi chiri kuuya kubva muShoko raMwari. Pane Mumwe munhu anokuda.

<sup>164</sup> Zvino, haukwani kusimudza ruoko rwako, kunze kwekunge Mumwe munhu akudana kuti usimudze ruoko rwako. Ndiwo Mweya Mutsvene. “Hakuna munhu anogona kuuya kwaNdiri, kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga.” Uye kana Vachikuda chaizvo zvakanwana zvekugogodza pamoyo wako, zvino voti, “Hongu, ndinoreva iwe. Ino ndiyo nguva yacho. Ndinoda kupinda, ndisati Ndaita zvekukubvisa panyika ino nguva yako isati yakwana. Ndinokukumbira zvino kuti usimudze ruoko rwako.” Haungazviite here zvino?

<sup>165</sup> Mumwezve anoti, “Ini zvino, zvichibva pakadzika-dzika pemoyo wangu, ndinozvigamuchira”? Zvino ndichakunamatirai.

Mwari vakuropafadze, mudzimai. Ndangozvinzwa, hanzvadzi mudikani, kuti ndimi. Ndatarisa kumashure uko...Hongu, mese munocherechedza kuti ndasarirwa nemazuva mashoma, maawa mashoma, ndisati ndaenda kumusangano uri mhiri uko. Ndiri kugara mukamuri yangu zvakanyanya zvino, ndichinamata. Shumiro yekupodzwa; Mutumwa waJehovha ari pedyo. Zvinhu zvikuru zvichatora nzvimbo. Ndakatarisa kumashure ndikaona Chimwe chinhu chakamira mukamuri, Chaiva pamusoro pemudzimai wechidiki. Ndakaona vamwe vachisimudza ruoko rwavo. Ndakanzwa huchapupu hwekuti ichocho chaive chokwadi. Ndafunga, "Kana ndikadana kamwe chete zvakare, kana mudzimai uyo akasimudza ruoko rwake." Zvino abva azviita. Ndizvo zvacho.

<sup>166</sup> Zvino, Mwari, Mudiwa wemoyo wedu, tiri vanaaniko, zvakadaro? Handiti, nyika isati yavambwa, Makaziva humhutu hwese hwaizova panyika, svosve rose, chikwekwe chose. Hamuna magumo. Uye Maiziva kuti, mangwanani ano, kuti vanhu vachasimudza maoko avo. Maizviziva. Handiti, Makavaona nyika isati yavambwa. Maizviziva, nguva dzose. Uye Maiziva kuti chinhu ichi change chichaitika, kuti Mugoratidza rudo rweNyu kuvanhu veNyu. Makati makasimudza Farao ndokuomesa moyo wake, kuti Mugoratidza simba reNyu, zvichave zvakawedzera kuwanda zvakadini paMucharatidza rudo rweNyu! Satani, uyo wakaipa akatsveyamisa zvakanaka kuva zvakaipa, Makamutendera kuti azviite, nekuti Munogona kuratidza rudo rweNyu zvino kuvanhu veNyu. Uye, O Mwari, tinoKudai zvakanyanya! TinoKuyemurai.

<sup>167</sup> Uye ndinonamata, Mwari, kuti vanhu ava vachararama hupenyu hwakaninipa, hweChikristu, kubva nhasi zvichienda mberi, sezvo vaKugamuchirai. Zvino kana paine vamwe, pamwe handina kumbovaona vose, pamwe haMuna kuvaratidza kwandiri, asi Mataura navo. Kana paine vamwe, varopafadzeiwo zvakare. Nekuti tinozvikumbara nemuZita raJesu Kristu. Amen.

Riripo tsime rizere neropa,  
Rakatorwa kubva mutsinga dzaEmanueri,  
Uye vatadzi vakanyudzwa pasi pemafashama  
iwaya,  
Vanorasikirwa nemhosva dzavo dzose...  
(Zvishomanani zvino, hanzvadzi.)

<sup>168</sup> Munoziva, nezuro, Hama Roberson vakange vari kwaHama Wood. Ndakaverevedzako. Ndaive ndakamirira umwe mushumiri muenzi kuti auye. Vakaisa mumwe mufananidzo, uye mufananidzo wacho wakanga... Mizhinji yacho yatakange tiri kutarisa, asi, mumwe wacho, apo chechi yaive yobuda pamusuwo. Zvino ndakazviona pandaibuda imomo, zvino ndakatarisa, "Oo, ini zvangu! Vakomana, zvokuti, izvo makore

mashoma zvaaita kwauri!” Uye ndakatarisa zvakare. Zvadzoka mundangariro dzangu, mangwanani ano.

<sup>169</sup> Anongova mazuva mashoma atinawo ekushingaira uku pamwe nezvivi. Zvino ndinofunga nezvenguva idzo pandainzwa rwiyo rwuya rwuchivambwa, ndichivaona vachiyuwa kumusoro kuno, vomira pose paartari vachitora chirairo. Uye ndakanzwa mavhiri ekasiketi achirira, ichipinda mukati mukamuri imomo, kuvatora ichivaendesa kunze.

<sup>170</sup> Rangarirai, kuparidzwa kweShoko rino kuchava . . . Kumira muKutongwa. Zvino ndichamira kuseri kwaCho, ndakamira ipapo. Ndichafanira kuva chapupu chazvo. Handigone kuZvidzosa. NdatoZviturea kare. Ndinotofanira kumira nazvo. Zvichasangana neni paKutongwa, saMwari vakangotaura Shoko raVo uye havakwanisi kuRidzosa. Maona?

<sup>171</sup> Saka ndinoyera shoko roga-roga, kutanga mumoyo mangu, uye ndoona kana ndichida kuritaura, pachangu. Kana richiita serisina kunaka, handiritaure. NdinoVatendera kuti varitaure. Kana—kana Vakataura chimwe chinhu, chinopesana, kunyangwe ndikasazvitenda, ndinozviturea, zvakadaro, nekuti ndiVo. Ndinoda kuva nechokwadi, nekuti handidi chero kukanganisa hako pazuva iroro.

<sup>172</sup> Munoziva, kuchange kuine rima rinotyisa, zasi kurwizi, zuva iroro. Kuchange kusina munhu ikoko anobatsira. Hausi kuzoenda nemari zasi ikoko. Shamwari dzako dzichange dziri muchinhano chimwe chete sechauri; kuchange kune rima rinotyisa. Unofanira kuyambuka. Ndinoda kuva nechokwadi chekuti tikiti rangu ndiro chairo. Ndinoda kuva nechokwadi, pandinoritarisa, ndinoona Ropa dzvuku raTenzi wangu. Zvino pandinonzwa, mushure mechinguva, Ngarava yakare ichirira, zvichange zvakanaka zvino. Asi handidi dambudziko zasi ikoko ipapo. Ndinoda kuzvigadzirisira zvino. Kana paine chero dambudziko, ndinoda kuti zvigadziriswe zvino. Ndichange ndichida chikamu chose chenyasha chandingagona kuwana, pazuva iroro.

<sup>173</sup> Ndiri kuzova ndakatendeka. Semudzidzisi mukuru akataura, rimwe zuva, aisada kuva nemukurumbira, aida kuva akatendeka. Ndinotaura pamwe chete naye. Ndinoda kuve ndakatendeka. Ndinoda kukutaurirai Chokwadi, kuitira kuti pazuva iroro, kana richinge razouya, ndichinzwa kuzhambatata pamahombekombe, ndinoda kutarisa zasi uye ndigova nechokwadi.

<sup>174</sup> Sevana vechiHebheru, pavakaona mapapiro matema achiyako, erufu, mukomana mudiki akati kuna baba, “Mune chokwadi here kuti ropa riri pachikumbaridzo?”

Baba vakatarisa, “Hongu, mwanakomana, ropa riripo.”

“Saka, zvakanaka zvino. Takachengetedzwa.”

Haripo here, mangwanani ano, shamwari?

Iva nechokwadi.

<sup>175</sup> Zvino, Ora May, ndinoziva kuti wauya kuzonamatirwa, hanzvadzi. Musikana mudiki uyu anonzwisa tsitsi, kuti agere hake mumutsara, semunhu mudiki-diki kwazvo apo. Shirley mudiki agere pano, achichema, achangouya achibva kuArizona. Ndinovafunga vana vadiki ivava. Mese munovarangerira, kunze kuno uku muimba diki—diki yakare isina kukura, baba vavo vakare vanonzwisa tsitsi vakagara vose kumashure kwechechi, kuitira ivo. Ndinorangerira, vana vadiki ivavo kuti ini. . .kuti tinovaziva tose. Kutu Ora May mudiki anonzwisa tsitsi. . . Zvinotora vaviri kuchengeta mhuri. O Mwari, chinhu ichi chakashata chekuroorana nekurambana. Uye kuti Curtis akaita nepose paaigona, navo. Aishanda nesimba. Asi, mwana, zvisinei kuti ndiani, anoda rudo rwaamai. Mumwe munhu anovada. Ndiwo masikirwe azvakaita, kuti zvidzikamise manzwiwo ako.

<sup>176</sup> Ndiri muvhimi. Ndinonzvera mhuka dzesango. Zvinongova. . .Zvino ndinobuda kunze ndichingodzinzvera. Chitsere chakare chinova amai, pachinopinda, mumwaka wematsutso egore, chinasangana nechikono kuti chizoita vana zvakare. Chinodzvinga vana vacho vose. Chinenge chiine vana kubva pane mumwe kusvikira vaviri; chinovadzvinga, chovaita kuti vazvigarire voga, kuitira kuti vajairire.

<sup>177</sup> Gore rinotevera, pachinobuda, chinenge chava nevamwe vana vadiki vaviri, mumwe kana vamwe vavirizve. Chinovarera munguva yezhizha yose. Zvino, mumatsutso, chinobva chavadzvinga zvakare.

<sup>178</sup> Chinoita vamwe vaviri muzhizha rinotevera. Asi ko kana chisina kumboita vamwe vana gore iroro? Munoziva zvachinoita here? Chinobuda kunze, choedza kutsvaga vana ivavo, vanenge vakakura sezvachiri. Kana chikasakwanisa kuvaona, chinotora mhumhi diki shoma. Chinotora makava mashoma. Chinototora, chaizvoizvo, mwana wemunhu. Chokwadi, zvakamboitika. Chinotora mwana mucheche mudiki iyeye, kana chimwe chinhu, choita amai vacho. Zvinongova zvemasikirwo azvo. Hachigoni kuva zvakasiyana.

<sup>179</sup> Tarisa musikana mudiki ane chidhori chake, handiti, haasati ava nemakore matatu ekuberekwa. Ndakaona Sarah wangu mudiki, humwe husiku. Ndakaenda mukamuri. Kamunhu kadiki kanohuta-huta, uye heuno ari apo, akarara nemudhori wake mudiki paruoko rwake. Ndakamira ipapo ndikatarisa pasi. Ndakafunga, “Kamunhu kadiki kanonzwisa tsitsi! Munoziva, hazvizotori nguva refu, makore mazhinji, baba vachakwegura, mushure mechinguva. Nditori izvozvi; ndobva ndachena musoro uye ndobva ndapfuura.” Asi zviri kufanofananidzira, rimwe zuva, mumwe—mumwe mwana mudiki chaiye, akarara apo.

Zvinongova mauri. Zvino kana ukasada vana vadiki ivava, chimwe chinhu chinitora nzvimbo iyoyo.

<sup>180</sup> Kana munhu asinganamati Mwari, anonamata motokari yake, anoenda kubhawa, a—anoita chimwe chinhu, anozenge achimhanya-mhanya. Nekuti, pane chimwe chinhu chinofanira kutora nzvimbo iyoyo.

<sup>181</sup> Zvino, hanzvadzi yedu, Handirevi kuva...kuvapinza mukubatikana. Asi, nekushaya kuchengeta kwaamai, kwakafanira, chimwe chinhu chakatora nzvimbo yacho. Zvino munhu mudiki uyu anonzwise tsitsi ari kutambudzika, mangwanani ano, nekuda kwekuhuta-huta kwakanyanyisa; vana vadiki vaviri. Akaita mhosho; kunyangwe neniwo, uye ndiani mumwe asina kumboita? Asi ndiri kuedza kutaura kuti, pane Mumwe munhu akatozviregerera. Asimudza ruoko rwake nguva yadarika; zvatopera zvose. Zvabva pamoyo wakatendeka, uyo wandinoda kutenda kuti wadaro; chingotarisa zvinozoitika. Paavachave mudzimai akwegura achena musoro, zvicharamba zvakamira. Ndizvozvo chaizvo. Asi, anohuta-huta.

<sup>182</sup> Hakuna mushonga munyika unogona kubatsira tsinga dzemanzwiwo. Kana ukatora mushonga, kuti udzikamise kuhuta-huta kwako, unowedzera kukukanganisa zvakaipetwa kaviri kana uchinge waperi mauri.

<sup>183</sup> Hakuna mushonga wekuhuta-huta, asi ndinofara kuti pane chinorapa. Munoziva, ndakambotambudzika nakowo, zvakare. Pane chinorapa, kwete mushonga; chinorapa, chinorapa zvakaipetwa kaviri!

<sup>184</sup> Pamharidzo yangu nezuro, paredhiyo: *Museve Werudzikinuro*. Vaparidzi vanopfura mishoma zvakananyanya, sezvakaita Joashi. Aifanira kunge akapfura kakawanda.

Asi, tarisai, hama yangu, hanzvadzi. Chinopedza dambudziko racho ndiKristu.

<sup>185</sup> Kana kuti, ndimbotaaurawo izvi, papurupiti, kuseri kwebhokisi diki rino rakare pano; asi inongoyera sezvakangoitawo imwewo purupiti yeVhangeri. Yakakumikidzwa kuna Mwari. Tiri vanhu varombo. Ingave isina kunamwa nendarama pamusoro, asi Mweya Mutsvene wakauya pano ukatiitira zvimwe zvinhu zvikuru.

<sup>186</sup> Hanzvadzi yangu, inodikwanwa, Mwari varopafadze moyo wako mudiki. Saamai, uye semwana, kana ukagamuchira zvataurwa naHama Bill...kana zvavari kukuudza zvino, Ndinokuvimbisa, mudikani, kuti paunobuda muno, unenge waita zvakanaka.

<sup>187</sup> Zvino, pawasimudza ruoko rwako nguva yapfuura, nguva iyoyo wagamuchira Kristu. Ndinoda kuti iwe, mumamitsi mashoma, ndinoda kuti uye kumusoro kuno. Uye ndinogona kukuratidza, ne...Iwe, iva mutongi. Nenyasha dzaMwari,

uye neMweya Mutsvene wakamira pano zvino, ndinogona kuzviita kuti zvikusiyei. Ndizvozvo chaizvo. Handisati ndambozviona zvichikundika. Asi zvino zvinozokudzokera kana uchinge wabva pano, waona, kana ukazvitendera. Asi kana ukasangozvigamuchira zvakare, zvisinei nokuti unonzwa sei; iwe ramba uchitaura kuti, “Jesu Kristu anondipodza.”

<sup>188</sup> Waona, wadzika, Ora May, kubva pamusoro *apa*, apo pawaimbofara uchichovha bhasikoro riya, uye uchimhanya uchikwira nokudzika nemugwagwa uri pano. Waisimbofara ipapo. Wakange usina manzwiwo aunawo zvino, wakange here? Waona? Zvino wadzika zasi *kuno*, nekuda kwekuti pakange pasina chinhu chaikugamha, mudikani. Wadzika zasi *kuno*. Asi zvino unofanira kutenda kuti uri kumusoro *kuno*, uye wozvitenda. “Zvino kutenda kusina mabasa kwakafa.” Kana uchizvitenda, chiita seuri kumusoro uko, uyezve Mwari vanobva vangokusimudzira kumusoro ikoko chaiko zvakare.

<sup>189</sup> Havo Tete vako Meda vakagara kumashure uko. Vaiwawo nechinhu chimwe chete. Ndaivawo nechinhu chimwe chete. Ndinoziva zvachiri, asi Mwari ndivo chinorapa.

Uchazvitenda here, mangwanani ano, Ora May?

<sup>190</sup> Ndinoda kuti uuye pano. Naani zvake wevamwe venyu, vanorwara, vanoda kuzodzwa. Zvakanaka.

Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguva.

<sup>191</sup> Chechi, mese munoziva Curtis. Munoziva Ora May. Kungotarisa Ora May, munotoona kuti pane chimwe chinhu chaitika. Akarukutika uye asina mufaro. Ora May, ino ndiyo nguva yekuzvigadzirisa.

<sup>192</sup> Ndinoda kukubvunza chimwe chinhu. Nguva dzakawanda, Ora May, wakati, “Dai ndaingokwanisa kuwana nzvimbo yekutangira pairo. Dai ndangogona kutanga panguva ino kunzwa zviri nani, ndinotenda kuti ndaizozvibatsira kubuda.” Waonaka, ndizvozvo, handizvo here? Saka, uri panzvimbo iyoyo zvino, Ora May. Uri panzvimbo yakanakisisa munyika, paartari, apo Munhu mumwe chete munyika anogona kukubatsira, achadaro, NdiMwari.

<sup>193</sup> Ndinoda kuti mukotamise misoro yenyu, munhu wese, batanai neni mumunamato.

<sup>194</sup> Baba vanodikanwa veKudenga, apo musikana uyu mudiki anonzwisa tsitsi... Hupenyu hwakanyanya kupfupika. Zvino ndiamai vechidiki. Ndinoziva, nguva yadarika, paasimudza ruoko rwake, chivi chose chabva chabviswa. Mwari, Bhaibheri reNyu ichapupu chaizvozvo. MakaZvitaura kubva Kudenga, kuti, “Uyo anotenda, anozogamuchira.”

<sup>195</sup> Zvino, ane hondo yakaipa mberi kwake, Ishe. Uye Satani anozomukandira, kumusoro kwakadaro, uye nekumutorera vana vadiki ivavo, omuisa munzvimbo inochengeterwa vanorwara

nepfungwa, kuti arovere musoro wake pamadziro. Asi auya kunzvimbo chaiyo, nhasi, kuartari. Auya kuimba yaMwari vanorarama. Akamira pano, sekunge, ari oga, paartari, asi haasi oga. Ngirozi dzaMwari dzakakomberedza. Mweya Mutsvene uri pedyo, zvakare. Uye iye ichapupu chekuona zvinhu zvakawanda zvichiitika, nekuziva kuti Muri Mwari. Zvino ndinonamata, nemoyo wangu wose, nemweya wangu wose, kuti, zuva rino, kuti Mubatsire Ora May.

<sup>196</sup> Zvino, Baba, ndava kutora kubva paartari ino, akagara pano panzvimbo ino inoyera yakafukidzirwa neMweya Mutsvene. . . Anonzi mafuta emuorivhi, kana kuti mafuta akazodzwa, mafuta ekuzodza. Zviri maererano nekutara kweNyu, mafuta anobva pamaorivhi epabazi. Uye zvino ndichipfuurira mberi kunozodza hanzvadzi yangu nemafuta aya, Makati, “Munamato wekutenda uchaponesa vanorwara.” Mushure mekuparidza Vhangeri. . .

<sup>197</sup> Nekuziva kuti shumiro huru iyi iri kuuya, kuda kweNyu ngakuitwe, pano paIndianapolis, apo varwere vepfungwa vakawanda, matsi, mbeveve, mapofu, nezvimwe zvose, vachamira ipapo. Asi hatitye kana nepadiki zvapo. Makazvitaure, nyika isati yavambwa. Tine kubata kweDenga, mhiri uko, kunotiudza kuti iChokwadi. Tinoenda mberi zvino kunopikisa dhiyabhore iyeye. Vanhu vedu vari mudambudziko, sezvakange zviri Roti, mumharidzo yemangwanani ano, zvino Abrahama akamutevera.

<sup>198</sup> Satani, tiri kukutevera, mangwanani ano. Hanzvadzi yedu diki, inonzwisa tsitsi yakaraswa iri mudambudziko, zvino isu tiri kuuya kwauri. Nemafula akazodzwa, uye nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, neShoko Dzvene raMwari, uye neVhangeri, tinoenda kunoisa maoko pamusoro pake, nemuZita raJesu Kristu. Zvino tinokudzinga kubva maari. Jesu akati, “Endai,” uye hazvigoni kukundika; akati, “MuZita raNgu vachadzinga madhimoni.” Zvino iwe uri dhimoni. Mukuteerera kuraira kwaKe, tinokudzingira kure kubva pane uyu, mudiki wangu. . . tinoreverera zvino, uyo anoita seakaraswa. Ropa raJesu Kristu rinomuchenesa kubva kuzvivi zvose. Nhasi ava akachena uye mutsvene pamberi paMwari, nekureurura chivi chake, kuburikidza nekushambwa neVhangeri. Tinokudzingira kure, kuhuta-huta uku. Oo, hongu, wainge uchimudana, asi hauchagona kumubata. Tinokumbirira Ropa rive pakati pake neuyu. Vanomira semurevereri. Uye zvino chisiya musikana uyu. Muregedze aende akasununguka. Uye kubva pazuva rino zvichienda mberi, ngaave anofara. Kuitira vana vadiki avo varere apo.

<sup>199</sup> Kuitira, kuti murume wacho, naiyewo ngaauye agova Mukristu. Dai vose vari vake, uye rimwe zuva muKubwinya, denderedzwa guru remhuri risave rakadimuka mhiri uko. Itai kuti amai vake, baba vake, vose vake, munhu wese, vave vari Ikoko. O Mwari, zviitei izvi.



<sup>200</sup> Ngaasunungurwe kubva panguva ino. Tinomusunungura, nerudo rwakakwana, uye tichizviraira kuburikidza neBhaibheri; uye nerufu, kuvigwa, nerumuko rwaJesu Kristu; kuburikidza neRopa raKe neMweya Mutsvene. Tinomuunza kwaMuri, kuburikidza neZita raJesu Kristu. Amenii.

<sup>201</sup> Zvakanaka, chienda zvino. Zvinhu zvichadzokera panzvimbo pakafanira. Uri kunzwa zvakanaka here zvino? Hazvisi kukukanganisa zvino; uri kunzwa zvakanaka zvino.

<sup>202</sup> [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]. . . iva wakadai nguva dzose, zvichaita zvakanaka. Chokwadi. Amenii. Zvino zvapera, hanzvadzi. Zvinokuita kuti unzwe kurerukirwa? Zvino unogona kubuda muno, wobuda muno, wova Ora May zvakare, bedzi, Ora May mutsva, musikana anofara muna Kristu. Dai zvose zvaenda. Ugodzoka pano zvakare, pangaita gore kubva nhasi, Mwari vachitendera; uuye, ugoti, “Hama Branham, munorangarira here mangwanani aye amakandinamatira kumusoro uko paartari? Zvakabva zvazvipedza.” Mwari vakuropafadze. Ishe ngavarumbidzwe.

Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

<sup>203</sup> Baba vedu veKudenga, mukuteerera kuraira kwaIshe naMuponesi wedu, Jesu Kristu, tinoKudai nhasi, nerudo rwakachena, rwutsvene, rwusina kusvibiswa. Uye itai kuti mutsa netsitsi dzeNyu zvizorore pamusoro pemumwe nemumwe. TinoKutendai nevaenzi vari pakati pedu. Uye tinonamata kuti Mugoropafadza mumwe nemumwe.

<sup>204</sup> Ropafadzai mufudzi wedu akakosha anodikanwa, Hama yedu Neville, vanomira nesu mujoki reVhangeri; vasina kubopwa mujoki pamwe nenyika, asi vakabopwa mujoki pamwe naKristu; mujoki rose raMwari, vachidhonza ngoro yakare yeVhangeri, vachienda, takaiswa pajoki pamwe chete sevagari pamwe chete nevaranda vaMwari.

<sup>205</sup> Ropafadzai ose madhikoni, mutirastii, mubati wehomwe, nemunhu wese ane chekuita, nhengo dzose, ungoro, vaenzi. Mwari, kuri kuuya musangano mhiri uko kuIndianapolis. Mwari, handina kukodzera kuti ndiropafadzwe, asi Mungaropafadzawo here vanhu, kuburikidza nekuparidzwa kweShoko! Pasina kupokana asi mazana achamira.

<sup>206</sup> Tinozodza mudzimai uyu zvakare, nemuZita raJesu Kristu, kuti Mumubatsire nekubvisa dambudziko rake, tichiisa maoko pamusoro pake, nemuZita raJesu Kristu. Zvino, Baba veKudenga, itai kuti tsitsi dzeNyu dzitambanudzirwe kwaari, muZita raKristu.

<sup>207</sup> Zvino nemisoro yedu yakakotama, handizivi zvino kana paine chero mumwe munhu pano anga—angauye kuartari, angade kuuya uye opfugama kuitira Shoko remunamato, agamuchira Kristu, kana kunzwa kuti unogoda kunamata zvishoma mushure mekushanyirwa neMweya Mutsvene. Hamusi

kunzwa zvakanaka here pamusoro pazvo? Hamusi kunzwa zvakanaka here?

Huyai pano, Hama Neville.

<sup>208</sup> Vangani vangasimudza maoko avo, vanoti, “Ndinoda kuuya kuartari kuzoita munamato mudiki.” Mungasimudze here ruoko rwenyu, muchiti, “Ndiri kungoda kumbozvishamba, zvishoma.” Oo, Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka.

<sup>209</sup> Zvino, munoona, Hama yedu Neville, ndinofunga, ndakavacherechedza mumafambiro avo ose, vainge vari murume wemazvirokwazvo. Ndinovaona vari zvimwe chete mazuva ose. Kunyangwe hondo ichifamba zvakanaka kana kuti isingafambi zvakanaka, Hama Neville vanoramba vari zvimwe chete. Ndinotenda Mwari nazvo. Hama Neville havaikwanisa kuzviita izvozvo pachezvavo; zvinotora Mwari kuzviita. Uye ndinofara kuti boka rino remakwai rine mufudzi saHama Neville. Ndinonamata kuti Mweya Mutsvene uchavabatsira nekuvaropafadza. Ndinovada. Uye ndinoda vanhu vaVo. Nemi vanhu vose tinokudai, uye tinonamata kuti Mwari vakuropafadzei.

<sup>210</sup> Asi zvino takakotamisa misoro yedu zvakare, ndichakumbira kuti avo vanoda havo kunamatorwa, uye vanoda kupfugama nekuzvichenesa, mungauye here nekuzvininipisa kuartari.

<sup>211</sup> Zvino, Hama Neville, vaisirei munamato, kana muchikwanisa. Ndinoda kuti muve mazviri izvi. Munhu wese achinamata.

[Hama Neville vanotanga kunamata—Mupepeti]

Kana mukawana nzira yenyu muchiuya kuar- . . .



*KUKWANISWA* SHO56-0610  
(Perfection)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Chikumi 10, 1956, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)